Щэкlуэгъуэм и 4-р Щыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

● Къэрал Іуэхущlапlэхэм

Зубков Викторрэ Къанокъуэ Арсенрэ Москва щызэхуозэ

ЗэІущІэм щытепсэпъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм пыщІа Іуэ хухэм.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщlым а зэІущІэм къыщыхигъэщащ дыгъэгъазэм и кум лэжьыгъэ Іуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкlуэну зэримурадыр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущlапlэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№215 (21.123) ● 2007 гъэм щэкlуэгъуэм (ноябрым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Щlалэгъуалэ палатэм щыхах

КъБР-м и Парламентым и Унэм щэкlуэгъуэм и 1-м щекlуэкlаш Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым деж щыlэ Щlалэгъуалэ палатэм и сеІуан зэІушІэр.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ **Берд Хьэзрэталий,** Щэнхабзэмкlэ, спортымкlэ, туризмэмкlэ, Щlыхьэбз хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ комитетым и унафэщl **Іэщщ Заур.**

ЗэІущІэм щыщIидзэм политик ныбжьыщlэхэм хахащ Щlалэгъуалэ палатэм и унафэщlым и къуэдзэхэр.

Нахуэу ирагъэкlуэкlа Іэ Іэтым къыжьыуахэмкlэ жэуаплныгъэ зыпыль а къулыкlым ягъэуващ илъэс 22-р ныбжьыщlым. «Щlалэгъуалэм я Іэхуэхэмкlэ институт» жылагъуэ организацэм и лыкlуэ, «Зыуэ щыт Урысейм и Гвардие Ныбжьыщlэ» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и щlыналъэ штабым и унафэщlым и къуэдзэ **Геккиев СультIан,** апхуэдизу Тэрч-Балъкъ къэзакъ обществэм и лlыкlуэу Щlалэгъуалэ палатэм хэт, илъэс 25-рэ ныбжьым ит **Сапрунов Юрий.**

Щlалэгъуалэ палатэм и секретарь хъуащ **Алехинэ Мариноэ** - «Щlыхьбзэм я Налшык къалэ совет» жылагъуэ зэгухьныгъэм хэтыр.

ЗэІущІэм комиссэу 8 къыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм я лэжьыгъэр яунэтlынущ Геккиев СультIанрэ Сапрунов Юрэрэ.

КъБР-м и Парламентым деж щыlэ Щlалэгъуалэ палатэм и унафэщl **Бештокъуэ Бесльэн** къыхильхьэри, комиссэхэм я унафэщlхэр хахащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Берд Хьэзрэталий Щlалэгъуалэ палатэм хэт ныбжьыщlэхэм гуапэу ехъуэхъуащ унафэщl къулыкъу зэмылlэужьыгъуэхэм зэрагъэувам щхьэкlэ. Комиссэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкlэ сыт и лъэныкъуэкlи щlэгъэкъуэн зэрахъуэнур жиІэри, абы парламентар ныбжьыщlэ-хэр къыхуриджащ законхэр къыдэзыгъэкl органым и комитетхэм жыдкэри ядэлэжьэну.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Кърал Думэм хэхьным и Іуэхум къыстеувыIэри, Берд Хьэзрэталий къыхигъэбелджылыкlащ а Іуэхугъуэр егъэкlуэкlын и лъэныкъуэкlэ лэжьыгъэшхуэ къазэрыпэщытыр икlи политик ныбжьыщlэхэм гу льариГэтащ Щlалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэм хуаунэтlын зэрыхуейм.

ЖыпІэ хъунущ Щlалэгъуалэ палатэм хэтхэр я ныбжькlэ щlалэми, щlалэгъуалэм я хуитныгъэхэмрэ законкlэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэн и лъэныкъуэкlэ я пщэ кьыдэхуэ жэуаплныгъэр къатуры Іуэ.

Абы и щыхьэтщ Щlалэгъуалэ палатэм и унафэщlым и къуэдзэу хахахэм я псалъэхэр.

Сапрунов Юрий:

- Ди лэжьыгъэр хуэунэтlауэ щытынущ щlалэгъуалэм кьыпэщыт Іэхуэгъуэ пыухыкlахэр зэфІэгъэкlыным. Абы папщlэ дэ ди мурадщ щlалэгъуалэм я хуитныгъэмрэ законкlэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ екъэлІа законодательствэр егъэфІэкlуэным теухуа Іуэхугъуэхэр дгъэхьэзырыну.

Геккиев СультIан:

- Сыщогугъ Щlалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэм республикэм сэбэп хуэхъуну икlи, кьыштэщыт къалэнхэр гъэзэщlа хъун щхьэкlэ, псом янэу ди зэфІэкlыр етхьэлІэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщlэм я мурадхэр дэтlыгъыным.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущlапlэ.

● Обозревателым и псалъэ

Тхыдэм хэгъуэщэнукъым

Щэкlуэгъуэм и 4-р Щыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэу ягъэлъапlэ 1995 гъэм гъатхэзэм и 13-м «Урысейм и зауэлI щlыхьымрэ фэеплъ махуэмрэ я Іуэхукlэ» къыдэкlа Федераци законым тетэу 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 29-мрэ 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-мрэ зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьащ. ауэ езы гуфIэгъуэр зэрагъэувам хуэдэу къэнэжащ - щэкlуэгъуэм и 4-р мылажьэгъуэ махуэу щытщ. Пэжщ, мы гъэм ар техуащ тхьэмахуэ махуэм.

СЫТ МЫПХУЭДЭ махуэ ягъэувын хуей щlэхъуар?

17-нэ лІэщІыгъуэм Урысейр хьыхащ хуабжьу зи лъэр щlэхуэ къэралу. Тепщэ гупхэм властыр яхуэзэрыгъэгъэшыртэкъым. Мис апхуэдэ кlэ зимыІэж зэныкъуэкъым къэралышхуэр игъэпъэлъат, ар зэрыхьэрийм и зэманкlэ гъэздж хъуну щытыкlэм итт. Абы къытригъэгушхащ Урысейр сыт щыгъуи къэзыухъуреихьу щыта бийхэр. Абыхэм ящыщ зым - Польшэм - мурад ищlащ, Іэхуэхэр зэрызэхэзэрыхьар кьигъэсэбэну, езым и пащтыхь Урысейм щигъэувыну.

Я мурадыр къайхъулIащ: бийм Москва гугъуэхьышхуэ хэмылъу иубыдащ. Тэтэр-монголхэм я ужькlэ урысхэр арГэуру хамэхэм я бжьым щlэхуащ. Ауэ зытеуа лъэпкъым и зэхэщыкlэм зиужьат, абы ар идэнутэкъым. Зымыщlэну пащтыхь бжьаблэм щlэбэн гупхэртэкъым, атlэ цIыху къызэрыгуэкlхэрт. Дин лэжьакlуэ Минин Козьмарэ пушы Пожарский Дмитрийрэ ахэр къыхураджащ Іэщэ яІыгъыу зыкъаІэтыну. Урысей псор зэщlэтэджащ. Абыхэм ахуэзфІэкlащ поляк зэрыпхъуакlуэхэр Москва дахужьн. Аращ ар къыщыкъуэ щэкlуэгъуэм и 4-р Урысейм и зэкъуэтныгъэм и махуэу яГэувыным лъабжьэ хуэхъуар. Абдеж щиухауэ якъалъытэ къэралыр зэхэзыхэрэр.

Иджы Мининымрэ Пожарскэмрэ я фэеплъ уардэр Москва дэтщ, ар ящыщщ щыхьэрыр зыгъэдахэхэм. Ауэ захуагъэм тепщыхьмэ, абыхэм къабгъурытын хуеящ а джакlуэ акъылыфІэхэм икlи хахуэхэм яхуэдэ дыдэ ещанэр. Хэт ар?

Зи гугъу тщlыр Черкасскэ Дмитрий (Къаншауэ) Мамсырыкъуэ и куэдщ. Тыдэдэ Іэджэм къальытэ: ар ямыгъэсащэ, зыкъэзыІэтахэм я мурадыр къайхъулIэну щымытауэ. Мис а адыгэлIыщ нэхъ къалэн гугъу дыдэр зыгъэззэщlар - Москва и илъэныкъуэу бийхэм я къаруэхэр нэхъ щызэщlэгъэуІуар хуит къэзыщlыжар. Ауэ а фэеплъыр щаухуэм, «великодержавнэ шовинизмэкlэ» зэджэ философие лІэужьыгъуэм тетахэм ар «къащlигъупщащ». Арщхьакlэ зэманкlэ щIиуфэми, апхуэдэ Іуэхур зэи тхыдэм хэгъуащlэркъым. Абы и щlыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Адыгэйр, Къэрэшей-Шэрджэсыр Урысейм зэрыхьакlэр илъэс 450-рэ зэрэрикъуэм егъэщlIауэ Москва щекlуэкlа гуфIэгъуэ Іуэхухэм зэта еджагъэшхуэхэм ар ягу къызэрагъэкlыжар. Москва щыщ тхыдэ щlэныгъэлIэхэм быдэу жаІащ пэжым гуэгу иратыну зэрамурадыр.

Аращ къэрал гуфIэгъуэу ягъэувам щэкlуэгъуэм и 4-м уэхэшIыгъэгъуаэзу кlэщlу жьытIэн хуейуэ къэтIупытэр.

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м и Парламентым и щlыпэ унафэщlэ и лэжьакlуэ, адыгэ, жылагъуэ лэжьакlуэ **Думэн Хьэсин.**

◆ Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 48-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 53-м.

◆ Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъи 5-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 5, *блыщхьэ*

◆ Дзэ тIасхъэщIэхым и махуэщ.

◆ Москва щызэІущІэн хуейщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Зубков Викторрэ КНР-м и Къэрал Советым и Премьер Цэйбао Вэнырэ.

◆ 1922 гъэм Налшык щекlуэкlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхьбзэм я яп-э съездыр.

◆ Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 50-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 52-м.

◆ Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъи 2-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 6, *гъубж*

◆ Суд приставым и махуэщ.

◆ Гъэтэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ (1992).

◆ Тlэджжкlатаным щагъэлъапlэ Конституцэм и махуэр.

◆ Мы махуэм (1943) советыдзэхэм фашист зэрыпхъуакlуэхэм кьыІэщlагъэкlыжащ Украинэм и къалащхьэ Киев.

◆ Урыс композиторыщхьэ **Чайковский Петр** (1840 - 1893) къыщалъэуа махуэщ.

◆ Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 51-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 51-м.

◆ Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10.

Нlащэгъэр зыгъэхъэзырар **ШАЛ Мухьэмэд.**

● Тхылъыщlэ

«Къыпхузогъанэ»

КІэщт Мухьэ къызэральхэрэ мы тхылъэр 70 мэхъу. Куэд къыгъэщlакъым усакlуэм - я къару иныгъуэу, 2002 гъэм дунейм ехыжащ. Къыгъэщlар машlэми, Мухьэ зэхыгъэ куэщlафIэ куэд къыхэригъэкlын хуэзэфIэкlащ - усэхэр, рассказхэр, повестхэр. Абыхэм я нэхъыбапlэр хабжэ ди литературэм и фIыпlэм, щыхухэм гукlинэ ящыхъуащ.

УСАКIУЭР къызэральхурэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкlащ абы и усыгъэ нэхъыфIхэр щыЗэхуэхьэса «Къыпхузогъанэ» тхылъыр. Ар щыхьэт тохъуэ КІэщт Мухьэ щIэблэм гукъинэ ящыхъун тыгъэ къызэригъэнам.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.



■ ЗэІущІэхэр ■ Фэеплъ

■ Спорт Щэбэт кьыдэкlыгъуэ ■ Малъхьэдис



● ЩIДАА

Къалэн нэхъыщхьэхэр яубзыху

Дыгъуасэ ЩIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ Налшык къалэ щекlуэкlащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ ЩIДАА-м и Президент Нэхущ Іэдэм, вице-президентэу Хьэфыщlэ Мухьэмэдрэ Мекъуд Джабрэ-Іилрэ, академием и щlэныгъэлI-секретарь нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дзэмыхъ Къасболэт, академикхэр.

ЯПЭУ УТЫКУМ къыхьэри, философие щlэныгъэхэм я доктор **Эфендиев Сэлихь** тепсэлъыхьащ цIыхубз усакlуэ Кулиев Кьайсын щэнхабзэм хэпъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищlам, адыгэ литературэмрэ абы и творчествэмрэ зэрызэпыщlам.

Шыщхьэу мазэм �щIДАА-м и зи чэзу илъэс зэІущІэу Мейкъуэпэ кьалэ щекlуэкlам къыщlэІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр иджы-ри зэ кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкlыжри, ахэр тэрэзу зэфIэха зэрыхъуным и гугъу ищlащ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**. Абы и лъэныкъуэкlэ **Нэхущ Іэдэм** жиІащ, графикэмкlэ творческэ мастерской Налшык къыщызэІуахыну УФ-м и цIыхубз суратыщlэ, �щIДАА-м и академик Пащты Герман кьыхилъхьа Іуэхум теухуауэ республикищми (АР, КъБР, КъШР) я президентхэм зэрызэхуагъазэ лъэІу тхылъхэр зэрагъэхьар.

ХьэфIыщlэ Мухьэмэдри кьэпсэлъэныгъэр триуихуащ академием и къудамэу хамэ къэралхэм щыІэхэм я лэжьыгъэм. Абы кьызэрыхигъэщамкlэ, къэрал зэхуэмыдэхэм щыпсэуу �щIДАА-м хэтхэр цIыху 37-рэ мэхъури, дэтхэнэри кьарагъэза дзыхьыр зэригъэпэжьыным хущIокъу. Апхуэдэу Хьэфыщlэр зэпкърыхауэ кьытеувыIащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм иужьрей илъэсхэм ирагъэкlуэкlа лэжьыгъэм, зыІэрагъэхьа екъэлІэныгъэхэм.

- �щIДАА-м и академикхэм ирагъэкlуэкlа лэжьыгъэшхуэм папщlэ си щхьэкlэ пщlэшхуэ зэрахуэсщlыр кьыхэзгъэщыну сыхуейт, - жиІащ ДАА-м и тхьэмадэ **Дзэмыхъ Къасболэт**. - �щIДАА-ри ДАХ-ри мыхьэнэшхуэ зиІэ, кьалэн куэд зи пщэ кьыдэхуэ Іуэхущlапlэхэщ. Зэгурыlуэныгъэ зэтщlыпlэрэ дыззэдлажьэу щlэздзэмэ, нэхъыбэ зэдгъэхьулIэфынущ. Абы кьищыкlэмыщlауэ кьыхэслъхъэну сыхуейт, хамэ къэралхэм щыпсэу академикхэм я лэжьыгъэхэр хэкум кьарагъэхьу зэтедублэмэ, абыи щхьэпагъ ин кьызэрытхуихьынур.

Абы и лъэныкъуэкlэ ХьэфIыщlэ Мухьэмэд кьыхигъэщащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхущlафэхэм теухуауэ сыт щыгъуи лажьэ гъэлъэгъуэныгъэ кьызэІуахын зэрыхуейр, ар къайхъулIэнэмэ, абы кьызэригъэпэщауэ щыта «Хэхэс адыгэхэр» выставкэм утыку кьыщирихьа хьэпшыпэ мин 20-м щIигъур абы щlилъхьэну зэрызыхъэрыр. А Іуэхум теухуауи лъэІу тхылъ яГэхьэзыру КъБР-м, Адыгэйм, КъШР-м я президентхэм я пащхьэм иралъхьэну кьыхилъхьащ �щIДАА-м и унафэщlым.

Академием и лэжьыгъэр егъэфIэкlуэн, абы унэтlыныгъэщlэхэр хэлъхьэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ Нэхущ Іэдэм. Апхуэдэу зэгурыlуащ математикэмрэ нанотехнологиемкlэ институт Налшык, адыгэ тхыдэмкlэ институт Мейкъуапэ кьыщыщlэуІахьыну.

Адэкlэ зэІущІэм кьрихьэлIэхэм кьаІэтащ �щIДАА-м и хабзэхэр зымыгъэззащlэхэм, академикхэм ятын хуей взносхэр тэмэму зэхэзымылъхьэхэм унафэ гуэр ятещlыхьын зэрыхуейр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

ЗэІущІэр ЩIДАА-м и президент Нэхущ Іэдэм ирегъэкlуэкlа.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ФепІэщІэкlІ

Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м щыщlэдзауэ щэкlуэгъуэм и 4 пщlондэ «Урысей пощт» ФГУП-м Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр ирегъэкlуэкlи. А махуэпщlым кьриубыдэу газетхэм, журналхэм, тхылъхэм Іэ тезыдзэхэм уасэхэм процент 20 хукlэрагъэхущ.

Щэкlуэгъуэм и 4 пщlондэ «Адыгэ псалъэ» газетым сыт хуэдэ почтэми мыпхуэдэ уасэкlэ Іэ щытегдзэ хъунущ

сом 345-рэ кlэпlейкlэ 84-рэ

сом 281-рэ кlэпlейкlэ 77-рэ

Абыхэм сыт я лажьэт?

Дыгъуасэ Тольятти щыщlалъхьащ студентищ. Ахэр нужьрей гъэгуанэм трагъэувэжащ къаІэм и университетым щеджэхэм.

Фигу къэдгъэІыжьынщи, махуэ зыбжанэ и пэкlэ Тольятти къыщагъуэя автобусым щыхэкlуэда цIыхуи 8-м ящыщу 4-р студентт. Ахэр пщэдджьжьым еджапlэ кlуэуэ арат. Бзаджэнаджэхэм я зэранкlэ апхуэдэу гуэзу ныбжьыщlэхэм я гъащlэ кlэщlыр нухащ.

Хабзэхъумэхэм къатахэм тепщlыхьмэ, лагъымыр къэзыгъэуар хэтми къащlащ.

Мыарэзыхэр

Дыгъуасэ Тбилиси Парламентым и унэм и гупэм щIыхуу куэд зыхэта пэкlу щекlуэкlащ.

Ар къызэрагъэпэщащ опозициэ къарухэм. Къызэхуэсахэм къаІэуэ захуагъэ зыхэлъ парламент хэхьныгъэ гъатхэ дызыхуэкlуэм ирагъэкlуэкlыну.

Пенсэхэм хагъахьуэ

УФ-м и Президент Путин Владимир жиІащ 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м пенсэ нэхъ мащlэ льыдэр сом 300-кlэ зэрыхагъэхъуэнур.

Апхуэдэ щIыкlэкlэ ар сом 1.560-рэ хъунущ. Ар яп-э лъэхъэнэщ. Щыщхьэм и 1-м ар нагъэсынущ сом 1.800-м.

ГъащlЭ дахэ

Дунейм ехыжащ гъэзджэм и гъэжькlуэ щIрыІуэ Моисеев Игорь.

Абы и гъащlэ псор дахагъэм пыщlауэ екlуэкlащ. 1930 гъэм Моисеевым кьафэмкlэ кьызэригъэпэщауэ щыта къэрал ансамблыр дуней псом кьыщащIыху. Балетмейстер Іэзэм кьыфIащат СССР-м и цIыхубз артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь щIэ лъапlэхэр. Абы гъащlэшхуэ кьигъэщlащ - илъэси 102-м нэс. Гъэзджэм хэмыгъэущэжьну лъэужь кьыщызыгъэна а артист щэджащэм и щIэр тхьдэм хыхьащ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Щэкlуэгъуэм и 3, *щэбэт*

◆ Панамэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщlэ-къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1903).

◆ Японием щагъэлъапlэ Щэнхабзэм и махуэр. Я Іуэва хабзэм тету а махуэм я щIэхэр къраІуэ Японием кьыхуаІэ щэнхабзэ зэпыщlэныгъэхэм зегъэужьыным зэрыхэлIыфIыхьам папщlэ Дыгъэ Кьыкъуэкlым и орденыр зыхуагъэфэщахэм.

◆ УФ-м щэкlуэгъуэм и 3-м сыхьэтыр 00-мрэ дыгъэтlысэм и 1-м сыхьэтыр 00-мрэ (щIыпlэ зэманымкlэ) я зэхуэкум щыІэ хуэбз информацэм и Іэнатlэхэм щекlуэкlынущ Къэрал Думэм хэхьным теухуа агитацэ Іуэхухэр.

◆ Щэкlуэгъуэм и 3 - 4-хэм Киев (Украинэ) щекlуэкlынущ СНГ-мрэ Балтиерэ я ящыщ къэралхэм я яп-э социальнэ форумыр.

◆ Илъэси 120-рэ и пкlэ къалъхуащ совет тхакlуэ, усакlуэ, драматург, зэдзэкlакlуэ, совет сабий литературэм и лъабжьэр зыгъэтlылъа, Ленин саугъэтым и лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым пlэнэйр и лауреат **Маршак Самуил** (1887 - 1964).

◆ Дыгъэр къыщlэкlащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 47-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 59-м.

◆ Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъи 7-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 4, *тхьэмахуэ*

◆ 1890 гъэм дунейм ехыжащ пэнэу Лондон метро кьыщызаІуахащ.

◆ 1942 гъэм кьалъхуащ тхыдэ ригъэпэщауэ щыта къэрал ансамблыр дуней псом кьыщащIыху. Балетмейстер Іэзэм кьыфIащат СССР-м и цIыхубз артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь щIэ лъапlэхэр. Абы гъащlэшхуэ кьигъэщlащ - илъэси 102-м нэс. Гъэзджэм хэмыгъэущэжьну лъэужь кьыщызыгъэна а артист щэджащэм и щIэр тхьдэм хыхьащ.

Щэкlуэгъуэм и 5, *блыщхьэ*

◆ Дзэ тIасхъэщIэхым и махуэщ.

◆ Москва щызэІущІэн хуейщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Зубков Викторрэ КНР-м и Къэрал Советым и Премьер Цэйбао Вэнырэ.

◆ 1922 гъэм Налшык щекlуэкlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхьбзэм я яп-э съездыр.

◆ Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 50-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 52-м.

◆ Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъи 2-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 6, *гъубж*

◆ Суд приставым и махуэщ.

◆ Гъэтэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ (1992).

◆ Тlэджжкlатаным щагъэлъапlэ Конституцэм и махуэр.

◆ Мы махуэм (1943) советыдзэхэм фашист зэрыпхъуакlуэхэм кьыІэщlагъэкlыжащ Украинэм и къалащхьэ Киев.

◆ Урыс композиторыщхьэ **Чайковский Петр** (1840 - 1893) къыщалъэуа махуэщ.

◆ Дыгъэр къыщlэкlынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 51-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 51-м.

◆ Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэти 10.

Нlащэгъэр зыгъэхъэзырар **ШАЛ Мухьэмэд.**

● Хьэбарегъащlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуху, и хьэщlэхэу пщlэ зыхуащlэх!

Щыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуауэ Налшык ХьэтIэлъэщокъуэм и щIэр зезыхьэ къалэ жыг хадэм 2007 гъэм щэкlуэгъуэм и 4-м сыхьэтыр 12-м щыщlэдзауэ щекlуэкlыну махуэшхуэ Іуэхугъуэхэм фыхэтыну фыкьыдогъэблагъэ.

Налшык къалэ округым и администрацэ.

Къэпкъ Іущыгъэ:

Гъатхэм и гъэгъэгъуэрэ бжьыхьэм и берычэтрэ.

Япэ дунейпсо Инал-ипэ еджэныгъэхэр

Ди газетым зэрытетащи, абхъаз тхыдэмк. этнографиер щ1эрыІуэ, Іуэрыіуатэм, литературым теухуа монографиехэр, абхъаз лъэпкъым и тхыдэм, тхыбзэм, щэнхабзэм ехьэлІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ хущІыкІыф1э куэд зи Іэдакъэ къыщІэкІа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и доктор, профессор, Щ1эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэта Инал-ипэ Щалбэ Денис и къуэм (1914 - 1995 гъэ.) теухуа. Япэ дунейпсо еджэныгъэхэр Абхъаз Республикэм и къалащхьэ Сыхъум щекІуэкІащ.

Лъэпкъ зэхэщІыкІым зрегъэужь



Сыхъум щыізэІущІащ Хьэфіыщ1э Мухьэмэд, Абхъаз къэрал университетым и ректор Гварамие Алеко, хеттолог Чурей Алий, тхыдэтх Марихубэ Игорь сымэ.

МАХУИПЛІКІЭ зэхэта еджэныгъэхэм я япэ зэІуцІэр Чанбэ Самсон и цІэр зэриІэсу Сыхъум дэт Абхъаз къэрал драмэ театрым къыщыізэІуэтэжащ. Москва, Санкт-Петербург, Дон Іус Ростов, Мейкьуапэ, Налшык, Черкесск, Цхинвал, Владикавказ, Ижевск, Истамбул къаІэхэм къэкІа хьэщІэхэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ Абхъаз Республикэм и вице-премьер, кы-зэгъэпэщащкІэуэ комитетым и Іэтащхьэ **Лакербае Леонид.**

Пэшым лъагэу щыфІэнэда экраным абхъаз1бзэкІэ къыщІопсалъэ Инал-ипэ Щалвэ Денис и къуэр... Абхъазым и щыху щэджащэхэм ящыщу XX лІэщІыгъуэм псэуа щІэныгъэлІ къызэрымыкІуэм гъэхуауэ жэуап иret журналистым и упщІэхэм. Ар Щалвэ иужьрейуэ кы1аха интервьют...

Япэу къэпсэлъа Абхъаз Республикэм и Президент **Бэгъэпщ Сергей** жиІащ Инал-ипэ и ГъащІэ псор щІэныгъэм зэрыхуигъэпсэр, а Іэхэлъым къыхэуащхьэпэн лэжьыгъэ куэд къызэрызэринэкІар.

- Инал-ипэ Щалвэ сытым дежи и кІалэн нэхъыщхьэу кы1ныгъэу щытар щІэныгъэм хуэлэжьэныщ, - пищащ Бэгъэпщым. - Лъэныкъэу куэд къызэщІэзыубыдэ зэчийрэ зэфІэкІрэ зыбгъэдалъа щІэныгъэлІым абхъаз лъэпкъым и этногенезыр, тхыдэр джыным куэд хищІыкъащ. Абы къыдэкІуэу ар псэемыблэжу елэжьащ тхыдэм, журналистикэм, литературоведенэм, фольклористикэм, литературэм и тхыдэм, литературэ критикэм зегъэужьыным.

ХХ лІэщІыгъуэм щыдэкІуа гугъуехь куэдым щхьэмыгъэзэу пІхыбІащ Щалвэ. Ар хиубыдащ революцэм, репрессием, зауэм... Ауэ кьыізэфІэмыщІэу, и щІэныгъэм хигъахьуэу, нэгъуэщІхэри иригъаджэу псэуащ.

Куржы-абхъаз зауэм и зэманым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Абхъаз щІэныгъэ институтым бийм мафІэ лы-гъейр щридзам, Инал-ипэ и лэжьыгъэ уасэмащхьэр хисхьащ. Абы абхъаз щІэныгъэм кьыхуихьа хэщІныгъэр кьыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Ар зи нэгу щІэкІа Щалвэ кьыхуэнэжа ГъащІэ мащІэр и лэжьыгъэр зэрызэфІгъуэвэжьым тригъэкІуэдащ.

ЩІэныгъэ форумым зи гуащІэ хэзыпъхьэну кьызэхуэса псоми фІыщІэ яхуищІри, Инал-ипэ и щІэныгъэ, творческэ щІэнныр хьума хъун папщІэ республикэм и Іэтащхьэхэм яхуэзэфІэкІ зэрыраухьэлІэнур жиІащ Президентым.

Инал-ипэ Щалвэ Денис и къуэм и ГъащІэмрэ и щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ уб1уауэ, зэлэжьу щыта уиІэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр гъэбелджылдауэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Абхъаз къэрал университетым и профессор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Абхъаз щІэныгъэ институтым этнологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ, ДАХ-м хэт **Аргун Юрэ**.

Тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, Щ1эныгъэхэмкІэ Урысей Академием Этнографиемрэ антропологиемкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьыгъэ кІуэ нэхъыжь **Анчабадзе Юрий** тепсэлъыхьащ Щалвэ и щІэныгъэ уиІэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм, псом хэмыдэу кавказведенэм увыпІэщхьэ щыізыубыд дэжьыгъэхэр зэпхьрихащ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхэм кьыдэкІуэу, щІэныгъэлІ цІэрыІуэм цІыхуэгъэшхэ, нэгъуэщІ щІэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыдигъэкІыным хущІэкъуу, гъуащ «Кавказ», «Шаратын» къэрал къэфакІуэ ансамблхэм, лъэпкъ уэрэдымрэ кафэмкІэ Абхъаз Республикэм и къэфакІуэ гупым.

* * *

ЯПЭ ДУНЕЙПСО Инал-ипэ еджэныгъэхэм щылэжьаХэм еІуанэ махуэм гуп-гупу заугъоІащ. Зыгъеуха Іуэхугъуэ щІэныгъэ институтым этнологиемрэ антропологиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь **Чибиров Людвиг** и къэпсэлъэныгъэр. РАН-м Дунейпсо литературэмкІэ и институтым Урысеймрэ СНГ-мрэ щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Султанов Къазбэч** зи гугъу ищІар лъэпкъ литературэхэм зэужьын папщІэ, я ІувпІэр яубыдыжьын щхьэкІэ абыхэм я щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм мыхьэнэщхуэ зэрэІорщ.

Адэкіэ кьэпсэлъащ еджэныгъэхэм кьрихьэлІа лІыкІуэхэм я Іэтащхьэхэм. Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Адыгей щІэныгъэ институтым и къудамэм и унафэщІ **Гъыш Нухь** махуэ бжьгъэкІэ зэхэтыну конференцым лэжьыгъэ куэд щызэхІахыну хъуэхъуащ. Щ1эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президиумым къыбгъэдэкІыу кьызэхуэсахэм захуигъэзащ ЩІДАА-м и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыщ1э Мухьэмэд**. Абы иджыблагъэ дунейм кьытехьа «Адыгэ щІэнгъуаэзмрэ» адыгэ пщышхуэхэм, лІыщхьэхэм, уэзщІакІуэхэм я сурэт буклетымрэ институтым тыгъэ хуищІащ.

Махуиплікіэ еКІуэкІыну форумым и пщІэдзэм ар зэрызэкІэлъыкІуэну жьпхъэр яубзыхуащ, абы тетуи лэжьащ. Кавказым и лъэпкъхэм я этнощІэнхэбзэ тхыдэм хэлъ упщІэхэр; Кавказым и лъэпкъхэм я этногенезымрэ политикэ тхыдэмрэ хэлъ гугъуехьхэр; Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэмрэ хъыбархэмрэ; Іьэпкъ литературэхэм я тхыдэмрэ яджырей щытыкІэмрэ; Кавказ лингвистикэм и щытыкІэмрэ кьыпэлъэ зыужьыныгъэмрэ гуэшауэ есцІэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу щекІуэкІащ. Абы щІэныгъэлІхэм я щІэныгъэ институтымрэ.

Еджэныгъэхэм щыщІадза япэ махуэм хьащІэхэмрэ бысымкІэмрэ уДз гъэгъахэр трапьхьащ Абхъазым и щхьэхуитыныгъэ зауэм хэкІуэда щІалэхэм я фэепльэ сынымрэ Инал-ипэ Щалвэ и кхьащхьэмрэ.

Конференцыр кьызэрызэІуэха концертыр дахэу кІуэкІащ. Абы зыкъыщІагъэльэгъуащ «Кавказ», «Шаратын» къэрал къэфакІуэ ансамблхэм, лъэпкъ уэрэдымрэ кафэмкІэ Абхъаз Республикэм и къэфакІуэ гупым.

* * *

ЯПЭ ДУНЕЙПСО Инал-ипэ еджэныгъэхэм щылэжьаХэм еІуанэ махуэм гуп-гупу заугъоІащ. Зыгъеуха Іуэхугъуэ щІэныгъэ институтым этнологиемрэ антропологиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь **Чибиров Людвиг** и къэпсэлъэныгъэр. РАН-м Дунейпсо литературэмкІэ и институтым Урысеймрэ СНГ-мрэ щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Султанов Къазбэч** зи гугъу ищІар лъэпкъ литературэхэм зэужьын папщІэ, я увпІэр яубыдыжьын щхьэкІэ абыхэм я щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм мыхьэнэщхуэ зэрэІорщ.

«Инал-ипэ и щІэныгъэ лэжьыгъэхэм хабзэр къыізэрыщыгъэлъэгъуар», «XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм молдаванхэр Абхъазым зэрыщІэтІысхэам и тхыдэр», «Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм иджырей политищэнхабзэ дунейр зэрыщызэфІэувар», «Дагъыстан этос»: абы и лъэхъэнэмрэ лІыхъужьхэмрэ», «Абхъазадыгэ этнощэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм теухуауэ», «XIX лІэщІыгъуэм Абхъазым щыІа политикэ щытыкІэр Инал-ипэ и лэжьыгъэхэм къызэрызэщыкъыр», «Абхъазхэмрэ осетинхэмрэ я этнополитикэ зэпыщІэныгъэм и тхыдэм щыщ», «Дыздырыт лъэхъэнэм адыгэ литературэм и щытыкІэр» - апхуэдэ, нэгъуэщІ Іуэху гъащІэгъуэн куэдым теухуауэ щІэныгъэлІхэм яІэ еплъыкІэхэр кьыщыгъэлъэгъуащ конференцым. Тырку щыпсэу абхъазхэм, адыгэхэм я Іуэху зыІутым, я бзэр, хабзэр хьума зэрыхъуам теухуауэ кьэпсэлъащ Истамбул къыкІа социологэ **Джейд Земре**. Хеттолог цІэрыІуэ **Чурей Алий** я гугъу ищІащ хьэтхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэм.

Хамэ къэралхэм щикъуэха ди лъэпкъэгъуэхэм, абыхэм я псэукІэм, хэкум къагъэзэжьным пыща гугъуехьхэм, абы и лъэныкъэкІэ къэралым зэфІиигъэкІыпхъэ Іуэхугъуэхэм уб1уауэ тепсэлъыхьащ **Хьэфіыщ1э Мухьэмэд**. Апхуэдэуи Мысырым и къэралгъэлъэкІыпІэ институтым этнологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ **Аргун Юрэ** псалъэ щратым Инал-ипэ еджэныгъэхэр ильэсищым зэ кьызэрагъэпщынкІэ зэрыфІэиигъэр игъэбелджылащ.

- ЩІэныгъэм и лъэныкъэу куэдым елэжьа Щалвэ ди лъэпкъым и мызакъуэу, къэрал мыхьэнэ зиІэ лъэныкъэ куэд дунейм кьытригъэхьащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхьущи, куржы-абхъаз зауэм хисхьащ уасэ зимыІэ лэжьыгъэхэр. Щалвэ зэрыдим ехьажа нэужь, абы кьыщІэнахэр зэхуэхэсыжьыныкІэ, къызэрэригъэкІа щІэныгъэ лэжьыгъэхэр хуэмэнымкІэ комиссэ кьызэдгъэпощат, ауэ тынштэкъым а псори зэрІэбгъэувэжьну, зэхуэпхьэсыжьну. Итіанэмэи, зауэм кьелауэ кьытухэнахэр, 1940 - 1950 гъэхэм Инал-ипэ и Іэдакъэ кьыщІэкІауэ къдгъэутыжа Іэрытхэр щыІэщи, щхьэхуэу кьыдэдгъэІэжьыну иужь дитщ.

Щалвэ и щІэныгъэ лэжьыгъэу зэрІэбгъэувэж хуэну псоми зэрегугъную, абыкІэ зэхуэсыр сэбэп зэрыхъур, екІуэкІа еджэныгъэхэр щІэныгъэлІхэр щызэдалэжьа зэІуІущІэ кьудейуэ щымытиу, Щалвэ и фэеплъыр зэрагъэпІар жиІащ. Щалвэ Республикэм и вице-премьер Лакербае Леонид. Апхуэдэуи абы кьыхигъэщащ Абхъазым и нобэрей махуэр и кьуэшхэм зэралъэгъуар зэриІуагъэр, апхуэдэ Іуэхугъэ и къуэшхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ я нэхъыбэрэ кьакІэлъыкІуэмэ, я зэпыщІэныгъэхэм зэрагъэубгъуэмэ, зэрыфІэтэмэмыр.

Япэ дунейпсо Инал-ипэ еджэныгъэхэм кьрихьэлІа псоми захуигъэзащ Щалвэ и щхьэгъэусэ, Абхъаз къэрал муэйм курыт лІэщІыгъуэмрэ пасэрей тхыдэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Хотелашвили-Инал-ипэ Мирэ**. И щхьэгъусэм кьыщІэна щІэныгъэ лэжьыгъэхэр тхыгъэ кьыдэгъэкІыным хуэгъэзэжьызыныкІэ лэжьыгъэшхэм я Мирэ кьызэхуэсахэм яжриІэжащ Щалвэ и лэжьыгъэм гуэр псэмкІэ бгъэдэту зэрыщытар, и гъащІэм гугъуехь куэд зэрыхэтар.

- Апхуэдиз лэжьыгъэр, абхъаз лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ институтыр мафІэм щисым, Щалвэ и псэм тельа гуэзвэгъуэр псалъэкІэ кьыпхуэІуэтэнукъым, - жиІащ Мирэ. - Абы нэхърэ нэхъ гуІэгъуэ си гъащІэм зэрыІуну кьыщІэкІынкъым щыжиІэм, кьыпэплъэр ищІэртэкъым: и щІалэр фІэкІуэдащ. Ар и щхьэм кьрикІуэ нэужь, гукъыдэж гуэрэ гъащІэм хуимыІэжу псэуащ си щхьэгъусэр, и гур кьэзыІэтыжьын Іуэху дунейм темыту кьиІытэну. Абы игу кьэжІыртэкъым и щІалэр щІэныгъэм пщІэ хуэзэщІхэм хуэдэ кьызэрызэрагъэпщынкІ. Шэч кьытесхьэркъым абы и псэр зэрыгуфІам...

Ящи дунейпсо Инал-ипэ еджэныгъэхэр зыхуэй хуэзэу, щІэныгъэ и лъэныкъэкІэ купщІэ хэлъу екІуэкІащ. Абы утыку кьыщрахьа доклад 160-м кьыщаІэта Іуэхугъуэхэр пІэлъэ зэхущІыкІыж зэзыгъэужьщ, абы и тхыдэм и беягъым дьабжьэ хуэхъу Іуэхугъуэщ. Лэжьыгъэ кьызэрымыкІуэ щызэфІаха еджэныгъэхэм хэтахэр я гупсысэхэмкІэ щызэдзэгуащІ и Іэдакъэ-гъащІащ. Япэ дунейпсо Инал-ипэ еджэныгъэхэм утыку кьыщрахьа тхыгъэхэр тхылъ щхьэхуэу кьыдагъэкІын; ильэсищым зэ апхуэдэ еджэныгъэхэр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Абхъаз щІэныгъэ институтым этнологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ **Аргун Юрэ** псалъэ щратым Инал-ипэ еджэныгъэхэр ильэсищым зэ кьызэрагъэпщынкІэ зэрыфІэиигъэр игъэбелджылащ.

- ЩІэныгъэм и лъэныкъэу куэдым елэжьа Щалвэ ди лъэпкъым и мызакъуэу, къэрал мыхьэнэ зиІэ лъэныкъэ куэд дунейм кьытригъэхьащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхьущи, куржы-абхъаз зауэм хисхьащ

- 2008 гъэм зэхэтыну зэІуІущІэ зытеуХуауэ щытынур дэ икъукІэ дызыхуэныкъуэ Іэзэщ, - кьыпІещэ Алиас. - Кьалэ щІэныгъэм я экономикэм инвестицэ хэлъхьэным теуха псалъэмакъщ кьалэ 30-м я Іэтащхьэхэм ирагъэкІуэкІынур. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ ди кьалэр зыхуэдэм, абы бгъэдэль беягъым щыгъуазэхэр зэрымащІэр. Ассамблеем дызэрыхагъэхьар абы и пІэныныгъэкІэ сэбэп хьунущ: апэрауэ, ди псэукІэм теуха хьыбар куэдым яІэрыхьнущ; еТІуанэрауэ, инфраструктурэр зэгъэпэщыжьын, зыужьыныгъэм и программэ зэхэлъхьэн я ІьэныкъуэкІэ дызыхуэныкъуэхэмкІэ кьалэщхуэхэм зыкъыщІагъэкъуэфынущ. Апхуэдэ программэхэмрэ щІэныгъэгъэзэщІэну ахъшэр ассамблеем кьнутІыпщынущ. Зэ1ущІэм хэта кьалэ унафэщІ куэдым кьыддэлэжьэну жэрдэм зэраІэр кьыхагъэщащ.

2008 гъэм и щыщылэм «СНГ-м и кьалэ нэхъыфІ» зэпеуэ-гъэльэгъуэныгъэ Москва щекІуэкІынущ. Абы хэтыну ирагъэблагъэхэм ящыщщ Сыхъум. Ар Іэмальифщ дэІэпыкъуныгъэр дэІыгъыныгъэр хуэныкъуэ кьалэм и цІэр дунейпсо утыку ирихьэныжьмкІэ.

Ди псэлъэгъуэхэр

Пощт маркэхэр къэралыгъуэ ухуэным и зы лъэныкъуэщ

«АДЫГЭ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфіыщ1э Мухьэмэд Абхъазым щыщыльа махуэхэми щыгъуупщакъым маркэ гъуэтыгъуейкэр зэхуэхъеСыным зэрыдирихьэху икІи республикэм и маркэхэр зэрызыІэрирэхьэным ищхьэ итащ. А мурадыр иІэу зызыхуигъэза «Апсныеимадара» къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Пилиа Эдуард Мухьэмэд къритащ еэым и жэрдэмкІэ традза, мыхьэнэщхэу зиІэ маркэхэр.

Маркэхэр кьыдэгъэжьынырэ зэрыІэтэгъублам, нобэ абы иІэ къэрал мыхьэнэм тедгъэпсэлъыхьащ Эдуард.

Абхъаз Республикэм епха яп1э маркэхэр дунейм кьыщытехьар 1933 гъэрщ. Ар СССР-м и пощтым кьыдигъэкІат. Маркэм тетыр лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэ - апхэрща - еуэ ныбжьыщхуэ зиІэ Іэмэпсымэр.

Ильэс 60 дэжьа нэужь, 1993 гъэм, мэкъуаугъэуэм и 25-м абхъаз маркэхэр кьыдагъэкІыу щІадзэжащ. Абхъазым текІуэныгъэр кьихьыным мазхуэ 97-рэ иІэжу традзащ абыхэм ящыщ яп1э маркэр.

Ар кьыдэгъэжьынырэ ерыщу ищхьэ итахэм ящыщ Пилиа Эдуард Константин и къуэр. Куржы-абхъаз зауэр щекІуэкІыжи Гудаутэ кьалэм щылэжьащ ар, Абхъаз Республикэм и Президентым и управленэм и тхьэмадэу.

- Абы щыгъуэми, идкьыри цІыхухэм кьагурымыІуэнкІэ мэхъу зауэм и гуащІэгъуэм марэ кьыдгъэзэкІынымэ ужь дыщІихьам и щхьэусыгъуэр, - жеІэ Эдуард. - Ауэ зыщІыбгъэгъупщу хьунукъым маркэхэр кьыдэгъэжьынырэ къэралыгъуэ щхьэхуэ уэхуным и зы лъэныкъуэу зэрыщытыр. А Іуэхур текІуэныгъэ иныр кьызэрытхъынур ди фІэщ зэрыхъум и щыхьэт haIуэт.

- А Іуэхур зэревгъэжьа щыкІэм щыгъуаэз дыхуэпщІамэ ди гуапэт, Эдуард.

- Ди управленэм щылэжьа цІыху нэхъ жьщхэм зэхэлъубла Іуэхущ ар. 1993 гъэм и накьыгъэм дэ а мурадым зыхуэзгъэхьэзыру щІэддзащ. Маркэхэм я яп1э сериер Днепропетровск щаІэ зыхьэзыращ, абыхэм кьыршыбгъэм и сурэт ятетт. ЕтІуанэ кьыдэкІыгъуэм Абхъазым и картэр итащ.

Мэкъуауэгъуэм и 24-м сэ унафэ сщІащ кьыдэдгъэкІа маркэхэр мэкъуауэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ Абхъаз Республикэм щыІэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм кьыщагъэсэбэпын хуейуэ. ИкІи а махуэ дыдэм щегъэжьауэ ди маркэхэмкІэ пщІэ зыщІата письмо зыбжанэ Гудаутэ джащ...

- Дуней псом щызэбгреблъэх хьурэт абхъаз маркэхэр зытет письмохэр?

- Дэнэ щІыпІи ебгъэхь хьурт а лъэхъэнэм. Ауэ 1994 гъэм и кІэм, Щэшэн Республикэм зауэ кьыщыхьеём, СНГ-м и къэралхэм я Іэтащхьэхэм я унафэкІэ Абхъазыр кьагъэбдыдыхьащ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, дунейм зызэрыпащІэу щыта пощт, телефон Іэмалхэр кьызэпаудащ. Абы пьандэрэ ди маркэхэм кьыщакІухьыр Абхъазым и закъуэщ. Ауэ а Іуэхум зэхъуэжьыныгъэфІ зэрригъэтынум иджыри ди гугъэр хэтхьжакъым.

- Абхъазым езым и маркэ кьыдигъэкІыу зэрыухежьар дауэ кьыщыхьуат Куржым?

- Дауи, игу ирихьакъым. Ахэр дунейм кьызэрытехьэу Куржым связымрэ пощтымкІэ и министрым и кьуэдзэ Бицадзе кьыбгъэдэкІ тхыгъэ «Филателия» урысей бюллетеным кьэкІуат. Ар игъэтубжьат Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ кьыщыдэкІа маркэхэм теуХуа тхыгъэ урысей къыдэкІыгъуэхэм зэрытетым. Апхуэдэ щапхъэ куэд кьыпхуэхьынущ, куржы Іэщ1агъэлІхэмрэ политикхэмрэ я мыарэзыныгъэр кьыщыгъэльэгъуауэ.

Зэрыгурыіуэгъуэщи, дэ абы дыкьыитхуэщІакъым, едгъэжьа Іуэхум зедгъэужьа мыхьумэ.

Тхыгъэхэр **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ** *ейщ. Налшык-Сыхъум-Налшык.*

- Апэжьі Іуэхур зэрыхъуам утезэлъэсэлъыхьынут...

- 1993 гъэм и мэкъуауэгъуэ, фокІадэ маззэхэм маркэхэр кьыдэдгъэкІащ Абхъазым и къэрал щхьэхуитыныгъэр кьызэралытэрэ ильэс зэрырикъум теухуауэ. Абыхэм ярытщ АР-м и Гербымрэ Бэракьымрэ.

Зауэм тедгъэнигъэр кьызэрыщытхьам и гъэмрэ и щІыпІэм щыІэ щІыпІэ зэрыщІэтІысыжьрэ илъэси 120-рэ зэрыхьум и щІыхькІэ абы и сурэтрэ и псалъэхэмрэ - **«Солнцем вскормленная жарким, напоенная горами, О, Абхазия, родная, к жизни ты возрождена»** - зытет маркэ кьыдэкІащ.

КьыкІэлъыкІуэ илъэсхэм къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэхэм (Лакобэ Нестор, Чанбэ Самсон, Ардзинбэ Владислав, н.) я сурэтхэр зытет маркэхэр дунейм кьытехьащ. Абыхэм кьакІэлъыкІуэщ щІэныгъэлІ щэджащэхэу Дзидзария Георгий, Инал-ипэ Щалвэ, Воронов Юрий сымэ я сурэтхэр зытет маркэхэр. Апхуэдэуи диІэщ абхъаз тхакІуэхэм, усакІуэхэм (Шинкубэ Бэгъэрт, Когония Илиа) я щыхьІ кьыдэдгъэкІахэр.

Маркэ щыІэщ Хэку зауэщхуэм, куржы-абхъаз зауэм хэкІуэдахэм я сурэтхэр, фэепль сынхэр, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм кьахэкІа цыхуэ цІэрыІуэхэм, ди нэхъыжьыфІхэм я сурэтхэр тету.

1995 гъэм «Урысхэр - Абхъазым» маркэхэр кьыдэкІащ.

Сригушхуэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт абхъаз маркэхэр «Каталог почтовых марок России, СНГ и Балтии» (1997 гъ.) жьхуиІэм зэрихуар, 2004 гъэм каталог щхьэхуэ Москва къалэ кьыдыщІэкІащ «Почтовые марки Республики Абхазия» (1993-2003 гъэ.) и фІэщыгъэщІэу.

• Хьыбар гуапэ

Дунейпсо ассамблеем хохьэ

Мы гъэм фокІадэм и 30-м, Абхъазым и Текіуэныгъэм и махуэр ильэс 14 зэрыхьурэ щыгъэтъпІэнэм, республикэм щыпсэуэхэр зэрыщыгуфІыкІа хьыбар къаІэрыхьащ. Сыхъум хагъэхьащ Къалащхьэхэрэр къалэщхуэхэмрэ я Дунейпсо ассамблеем.

АБЫ И ГУГЪУ кьытхуищІащ Сыхъум къалэм и администрацэм и тхьэмадэ **Лабахуа Алиас.**

- Зыкъызэрыдужьыхьым, мыхьэнэщхуэ зиІэ зэгурыІуэныгъэхэр зэрызэтщІыпІэм, ди Іуэхур зэрефІакІуэм и щыхьэтщ Москва къалэм и Іэтащхьэ Лужков Юрий зи унафэщІ Дунейпсо ассамблеем дыхьэхьэну кьызэрытхуагъэтъпэгъуар, - жеІэ Алиас. - Иджыблагъэ Уфа щекІуэкІа І1-нэ сессием кьрихьэлІа псори зэдзэрэзэныу Сыхъум а ассамблеем хагъэхьащ.

Абхъаз Республикэм кьыбгъэдэкІыу зэІущІэм хэтар Лабахуа Алиасщ. Абы кьыщІэхъуэсахэм яхуиІуэтащ Абхъазым и блэкІар, нобэ иІэ псэукІэр. Апхуэдэуи кьыкІэлъыкІуэ зэхуэсыр Сыхъум щрагъэкІуэкІыну кьалэхэм я Іэтащхьэхэр кьыщыхуридджэм, ахьылэгъу хъуахэщ.

- 2008 гъэм зэхэтыну зэІущІэр зытеуХуауэ щытынур дэ икъукІэ дызыхуэныкъуэ Іэзэщ, - кьыпІещэ Алиас. - Кьалэ щІэныгъэм я экономикэм инвестицэ хэлъхьэным теуха псалъэмакъщ кьалэ 30-м я Іэтащхьэхэм ирагъэкІуэкІынур. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ ди кьалэр зыхуэдэм, абы бгъэдэль беягъым щыгъуазэхэр зэрымащІэр. Ассамблеем дызэрыхагъэхьар абы и пІэныныгъэкІэ сэбэп хьунущ: апэрауэ, ди псэукІэм теуха хьыбар куэдым яІэрыхьнущ; еТІуанэрауэ, инфраструктурэр зэгъэпэщыжьын, зыужьыныгъэм и программэ зэхэлъхьэн я ІьэныкъуэкІэ дызыхуэныкъуэхэмкІэ кьалэщхуэхэм зыкъыщІагъэкъуэфынущ. Апхуэдэ программэхэмрэ щІэныгъэгъэзэщІэну ахъшэр ассамблеем кьнутІыпщынущ. Зэ1ущІэм хэта кьалэ унафэщІ куэдым кьыддэлэжьэну жэрдэм зэраІэр кьыхагъэщащ.

2008 гъэм и щыщылэм «СНГ-м и кьалэ нэхъыфІ» зэпеуэ-гъэльэгъуэныгъэ Москва щекІуэкІынущ. Абы хэтыну ирагъэблагъэхэм ящыщщ Сыхъум. Ар Іэмальифщ дэІэпыкъуныгъэр дэІыгъыныгъэр хуэныкъуэ кьалэм и цІэр дунейпсо утыку ирихьэныжьмкІэ.

Бэгъэпщ Сергейрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэмрэ я зэІущІэ

Іуэху дэкІыным, паспортхэмрэ щыпсэуну унэхэмрэ кьыдэхьыным пыща гугъуехьхэмкІэ я дэІэпыкъуныр зэрыфІэнгъуэмкІэ Мухьэмэд Бэгъэпщ Сергей зыщыкъунгъаэм, Президентым абы пІалъэ кІэщІым унафэ хущІыну псалъэ итащ .

Зэман гъунэгъум и лъэпкъгъуэхэм яІуащІэну Тыркум зэрыкІуэнур жиІащ Апсным и Тхьэмадэм икІи адэжь щыналъэм кьэзыкІэжьыну жэрдэм зиІэхэм зэрыдиІыгъынур кьыхуэпсащ.

Щ1ныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфіыщ1э Мухьэмэд ІуэщІащ Абхъаз Республикэм и Президент Бэгъэпщ Сергей.

АХЭР ТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэм. Хьэфіыщ1эм Президентым хуиІуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьхьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъуР КъБР-м, Москва Іэтауэ зэрыщагъэлъэпІам теухуа хъыбархэр.

Абхъазыр псэупІэ ящыжьи мурадкІэ Тыркум кьиІэнхъуЕыжа адыгэ унагъуэхэм я Іуэху дэкІыным, паспортхэмрэ щыпсэуну унэхэмрэ кьыдэхьыным пыща гугъуехьхэмкІэ я дэІэпыкъуныр зэрыфІэнгъуэмкІэ Мухьэмэд Бэгъэпщ Сергей зыщыкъунгъаэм, Президентым абы пІалъэ кІэщІым унафэ хущІыну псалъэ итащ .

Зэман гъунэгъум и лъэпкъгъуэхэм яІуащІэну Тыркум зэрыкІуэнур жиІащ Апсным и Тхьэмадэм икІи адэжь щыналъэм кьэзыкІэжьыну жэрдэм зиІэхэм зэрыдиІыгъынур кьыхуэпсащ.

• Ди псэлъэгъуэхэр

Пощт маркэхэр къэралыгъуэ ухуэным и зы лъэныкъуэщ

«АДЫГЭ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфіыщ1э Мухьэмэд Абхъазым щыщыльа махуэхэми щыгъуупщакъым маркэ гъуэтыгъуейкэр зэхуэхъеСыным зэрыдирихьэху икІи республикэм и маркэхэр зэрызыІэрирэхьэным ищхьэ итащ. А мурадыр иІэу зызыхуигъэза «Апсныеимадара» къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Пилиа Эдуард Мухьэмэд къритащ еэым и жэрдэмкІэ традза, мыхьэнэщхэу зиІэ маркэхэр.

Маркэхэр кьыдэгъэжьынырэ зэрыІэтэгъублам, нобэ абы иІэ къэрал мыхьэнэм тедгъэпсэлъыхьащ Эдуард.

Абхъаз Республикэм епха яп1э маркэхэр дунейм кьыщытехьар 1933 гъэрщ. Ар СССР-м и пощтым кьыдигъэкІат. Маркэм тетыр лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэ - апхэрща - еуэ ныбжьыщхуэ зиІэ Іэмэпсымэр.

Ильэс 60 дэжьа нэужь, 1993 гъэм, мэкъуаугъэуэм и 25-м абхъаз маркэхэр кьыдагъэкІыу щІадзэжащ. Абхъазым текІуэныгъэр кьихьыным мазхуэ 97-рэ иІэжу традзащ абыхэм ящыщ яп1э маркэр.

Ар кьыдэгъэжьынырэ ерыщу ищхьэ итахэм ящыщ Пилиа Эдуард Константин и къуэр. Куржы-абхъаз зауэр щекІуэкІыжи Гудаутэ кьалэм щылэжьащ ар, Абхъаз Республикэм и управленэм и тхьэмадэу.

- Абы щыгъуэми, идкьыри цІыхухэм кьагурымыІуэнкІэ мэхъу зауэм и гуащІэгъуэм марэ кьыдгъэзэкІынымэ ужь дыщІихьам и щхьэусыгъуэр, - жеІэ Эдуард. - Ауэ зыщІыбгъэгъупщу хьунукъым маркэхэр кьыдэгъэжьынырэ къэралыгъуэщхьэхэм я Іуэхущ1апІэхэм я зы лъэныкъуэу зэрыщытыр. А Іуэхур текІуэныгъэ иныр кьызэрытхъынур ди фІэщ зэрыхъум и щыхьэт haIуэт.

- А Іуэхур зэревгъэжьа щыкІэм щыгъуаэз дыхуэпщІамэ ди гуапэт, Эдуард.

- Ди управленэм щылэжьа цІыху нэхъ жьщхэм зэхэлъубла Іуэхущ ар. 1993 гъэм и накьыгъэм дэ а мурадым зыхуэзгъэхьэзыру щІэддзащ. Маркэхэм я яп1э сериер Днепропетровск щаІэ зыхьэзыращ, абыхэм кьыршыбгъэм и сурэтхэр зытет. ЕтІуанэ кьыдэкІыгъуэм Абхъазым и картэр итащ.

Мэкъуауэгъуэм и 24-м сэ унафэ сщІащ кьыдэдгъэкІа марк

Пэсужатэмэ, щэкIуэгъуэм и 5-м ильэс 65-рэ ирикъунут адыгэ сурэтыщI-график Iэзэ Къыш Мухьэмэд и ныбжьыр. Ар 1942 гъэм Къулыкъужьым Нщхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Москва дэт поэтическэ институтыр 1971 гъэм къыхуаIащ, 1980 гъэ лъандэрэ УФ-м и СурэтыщIхэм я союзым хэтащ.

Къыш Мухьэмэд и сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкIа тхыль куэд, псалъэм папщIэ, абы хъарзынэу къехъулIат Щоджэнцыкиу Алий и «Къамботрэ Iащэрэ» (1975), Къэжэр Петр и «Дыгъэпс пшынальэ» (1981) Руставели Шота и «Къаплъыныфэ зыщыгъ зекIуэлI» (1982) тхыльхэр, нэгъуэщIхэмри. Апхуэдизу ар елэжьау щытащи станковэ графикэмрэ живописымрэ, театр утыкуэхэр къыззгъэпэщыным. Къыпым и IэдакъэщэкIэхэр щагъэльагъуэрт щIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо выставкэхэм. КъБР-м и Сурэтыщ Iэм я союзым и правленэм и унафэщIу щытащ.

ИльэситкIу нэхкIэ, и ныбжьыр ильэс 60 щыхъуну гъэм и гъатхэр къыщихьэм Къыш Мухьэмэд дунейм ехьажащ. Ар хэушынагъэшхэуэт республикэм и щэнхабзэм дежкIэ, ауэ сурэтыщIыр ящыгъупщакъым ар зыцIыхьуу щытатэм, и ныбжьгъуэм, и унагъуэм, къыдалъхуахэмрэ къыдэгъэзэгурыкIуахэмрэ.

КЪЭЖЭР Хьэмид

Дахагъэм и сурэт

Къыш Мухьэмэд и фэеплъу

Къыш Мухьэмэд

(Балладэ)

Псэурт, жи, зы хъаныжь пхъашэ,
имыдэу пэпсэтьэж.
ХъанымкIэм и фIэщыпэу
Щуiэгъэр фIэдахэжт.
Ауэ ар хэзыгъаплъэ
зы щыIэпэ - ногупсыс:
«Си дахэр сымыщIэхъуэ
жыы сфIэхъумэ, сщIэнур сыт?..
Пэжщ, нобэ сыт и дагъуэ -
нэсауэ тхьэIухудщ!
Ауэ... зэманыр... жыгъэр...
Абы есщIэнур сыт?»
Мыри къегъуэт хэкIыпIэу:
«Сурэту езгъэтхыщ -
си фызым и дахагъэр
жыгъэм ялъэщIэстхъынщ.
Ауэ а кьалэм гугъур
зым хуэзфIэмыкIыIи -
щым зэуэ езгъэтхынщи,
сэ сызэхуеплъыжынщ».
Кьреджэ и блигуцIэтхэр:
«Фыльыхьуэ, фемызэщ,
сурэт зыщIыфу щыIэм
нэ хъ Iэзэу щы кьалэфIи!»
Хэкур щIащыкI, кьаТыльхъуэу
нэ хъ Iэзэу сурэтыщI.
Мор-мыр жьыхуаIэ защIэу
кьызэхуашэс ЛЫ пЛЫщI.
ЛЫ пЛЫщIыр зохъэзохъуэ,
блы нэ хъ кьаЖжаныкI:
а блыри зэпоуэжри -
абы щы кьыхабжыкI.
Зырызурэ хъанымкIым
ныхуащIэ мис а щыр.
Щэней хъанымкIым жеIэ,
щэней жеIэ мы зыр:
Сэ, хъанир, сурэтыщIым
сыщIыпхуеннкIэ хъуар
сурэт зы щIыхубз гъэрым
тохъэхъхыкIыну арщ.
Абы зегъэпскI пщэдджыжькIэ,
пщIыхьэщхъэм аргуэрыжьщ;
и анэ кьыззрилъхуаун
ешIыхькIэ щысщ, зопIъыжж.
Дзанэ уэрэд кьыхедзэ,
мэгъуэгъ, мэтэдж, къофэж.
И щхьэщыгъэщхъэр ижьу
гъуджэм бгъэдотIысхьэж.
А псор уагъэтъагъунущ
/уэ гурыхуэу кьыщIэкI/ -
кьыщIымыхьуу, уIэбэм
утъэIэсыну фIэкI.
КъутIыщIыкIым щыщIэдзауэ
пщIыхьэщхъэр къэбгъэхъу
тхыж а лъэгъуар – щIымыгъуу
икIи кIэрумыгъэху!
Масиби зэхуэ дипIалъэщ.
Уи Iуэхур зэтъыгъар –
уоунэ е УоунэхъУр -
уэ пщIыф сурэтыр арщ».
ПIалъэр кьыззрысыхъуэу,
хъанымкIым хуашэ зыр.
- НIэт, иджы сегъэпIлъыт.
Сурэтыр хъуэ хьэзыр?
Хьэзырщ сурэтыр. Къахьри,
хъанымкIым зэпепIлъхь.
- ПщIыр сыткIэ щхьэпэ, - жеIэ, - - унIэщ зэфIэкI бэлыхь...
Ауэ... и пэр нэхъ кIыхьу...
и ныбэрри къежьа...
Мы птхар - сыт?! - хъиИм икIауэ
хъанымкIым къугъбжащ.
И башыр трегъауэ -
бльгущIэтхэр кьыззхуос.
- Жьы тезмыгъансэу вгъэс мыр!
Зыгъамри укI кьыгъос!
ТхьэмыщкIэм ильагъу дыдэр
тэмэму итхьижат...
/хъарыпым и Iэзагъкъ
кьилэжьыжат ажал/
Кьахъ адрей сурэтыр -
хъанымкIым зэпепIлъхь.
- ПщIыр сыткIэ щхьэпэ, - жеIэ, - - унIэщ зэфIэкI бэлыхь...

Ауэ зэт... и пэр... и пэр...
и пIъэкIэри емыщхъ...
Сыт абы уэ кьыбгъэмыр?
Сыт... уэ итхар... нэхъ гурыхъ?!
Сэ ихуэзгъэувэ кьалэныр
уэ бгъунжу бгъэззщIан.
Кьэнакъым тезыгрыпшэу -
сэ жьыIэр зыщIыпа.
Уэрн бгъуэ тынщ пхуэфащэр
сыпхурикъунщ, нэжэс:
сурэтыр зэ къэвгъанэ...

зытхам кьыIтыисыр хьэпсщI
ЕтIуанэ сурэтыщIым
Iуэхур кьыгурыIуат:
нэхъ дахэ зэритхыным
ар быдэу елэIат.
Ауэ иригъэжьащ -
кьилэжьат губгъэн
/апхуэдэн кьохъуэрн куэдрэ:
IэфыщIэрн – зэранщI/
Ещанэрэн кьыхуахьрн,
хъанымкIым зэпепIлъхьхь.
- ПщIыр сыткIэ щхьэпэ, - жеIэ, - унIэщ зэфIэкI бэлыхь...
Ауэ... мы птхар зищIысыр...
Мыр дауэ: зым емыщхь...
Мыпхуэдэ... сэ... нгъащIэм...
Iэстоф... Iэстофриллыхь-хьI..

Унафэ сщIыным ипэ
си упщIэм жэуап кьет:
кьызжеIэт мыр зищIысыр,
мыпхуэдэ дунейм тет?..
ХъанымкIым хахуэу кьепIлъ,
и пащхьэм кьитщ /Iы кьекIу/:
зыпIыт-зыхуэ ар хэткъым -
и лыгъэр къощ и нэгу.
«Сэ, - жеIэ сурэтыщIым, -
уэ сыпхуэзарэзыщ;
си гъащIэ псом апхуэдэ
кьыхуэзыщIар уэ зырщ.
Iэужь мыпIэужьыпщэ -
пщIам пщIыуэ кьегъэззэж:
сэ мащIэ пхэзгъэщIамэ -
Iхьэм куэду кьыпхихьхьэ ж.
Мазиблым кьэрубыдэу
сыт сшхын е сыт исфын,
жьызмыIэу сыщхьжуттн,
сIъэкIащ сурэтыр стхын.
Кьыззэрыпщыхьущ уи фызыр -
абы пэбдзынур сыт!
Уэ, и лым, тхьэIухуду
кьыщщхъуэмэ – тхьэIухудщ.
Ауэ а уи щуiэгъэм
и мысурэт сэ стхар:
хъан, кьысхуэгъгъуэ, ун дахэм
сыхуэмыпIъэжьыхха!
Куэд щIауэ сигу щызгъыаф1эрт
Дахагъэм и сурэт,
Iуэжу жьгъей с хущIамыгъэхьэу,
зэманыр пщIэнщэу кIуэрт.
Псыр зэрыIэфIыр. Мэкъуауэгъуэм
кьепщэ жьы мащIэр зэрыгуапэр.
Быдзыщэр зэрыкъабзэр. Ауэ
анэм и нэпсыр зэрыткIыбжьыр.
Гъатхэпэм зэрыпхъашэр дыгъэм
бжьыхьэкъум зэригъэзэкIуэжыр.
Нобэ кьудамэм ныкъэпIъа
гуупь шыпрыр зэрыщIэнтатабгр.
Мамыру и кьэжIуэнум пэпIъэу -
хьэдзэм щыжей къару мыкIуэщIыр.
Удз цIыкIухэм я уэрщэр мыхъыр,
деишхуэр куууэ хэзыгъаплъэр,
псыкьетIъхэм и дзрэжэгъуэр.
къурш гъьагъэ здуэнэпIыьс гупсысэр.
УепIъ пэтми, нэрымытыгъуу,
гIъахъцым кьыщежьэу щхъэжкIэм хуэжIуэ
гъагъуэбзм здагъэпщIкIу я щэхур.
Уафэм и сэлам кьабзэ уэсым
щIым кьыхухIуатэ хъыбар гъьагэр.
ЩIымахуэ жэщ, пжэн зэпIыгъуэм
ваГъунтI зэхуэпIъэм зэжраГэр.
Жьым и Iэпхъуамбэ псыгъуэкIыхьхъэм
Iол и пшынэм жэщи-махуи
щIэмычуэ кьрагъэкI макьамэр.
Хьшхуэр щыпащIкIы, хы гъьащIэм
щыпсэхъэм зи хъыбар яIуатэр.
Бгъэ дамэм хэпь жэрдэмыр.
ЗэрыпIъагъунтIым жэщ мазэхэм
яущэхуми, - мазэр я дэлэну, -
мазэгъуэ жэщым кьаIуущэщр.
Iыгъэбэр. Сакъэр щабэу.
пщэдджьжь кьэсхьэу щы напэм
кьызэрыгетъэщIыхьыр.
Къэрабгъэр хахуэ зыщIыр,
/Iыр кьэзыгъэгумащIэр...
А псор хэт зэхэзыщIэр?
Мо пщIащхъуэм епIыт - зи насыпI
Сыт абы уэ кьыбгъэмыр?
Сыт... уэ птхар... нэхъ гурыхъ?!
Сэ ихуэзгъэувэ кьалэныр
уэ бгъунжу бгъэззщIан.
Кьэнакъым тезыгрыпшэу -
сэ жьыIэр зыщIыпа.
Уэрн бгъуэ тынщ пхуэфащэр
сыпхурикъунщ, нэжэс:
сурэтыр зэ къэвгъанэ...

Хэт - абы егупсысыр?
ЩIы дызыстетым - здэджэрэзым -
макъамэ гъьагъэкIэ гъуэгу хищу.
Псы уардэ иным и даущым -
нэпкъитIым занывщIнудрэ -
мазэм джэрэзджэж кьыщIъыхьхъуэу.
Пщэдджьжь пшэпIъым и бэну бейм
уэсэпс ткIуэпс къэскIэ зыхигъапскIэу.
Хы щхьэфэм уафэм зыныхьхрэ -
а тIур зхъэзэрыхьыжауэ -
зыр-зым и гъьджэу зэпIъ зэпIыту.
ЩIым щIыIуа нIэгъэ псоми -
щхьэж и бзэ щхьэж нIэжу,
Зыр зым темыхъуэу. Я3ыхъэри
езым и мардэм ткIинуэ тету.
Ящщщ зыгуэр кьаЖэпIэнкIыкIмэ,
а зым мы дунейм псор дэдджьыджжу!
Бэяур - псалъэу. ПIльагъуэ - макъыр.
Бэяуръ макъамэу хъуар
зыуэ зэхэухуэнэжарэ,
зыуэ зэхэуэрыхьыжарэ,
лыдыжу щIыпщIу, зууэ!
Хэт - ар зыгъагъуэр?
Апхуэдэ тыгъэр зи Iэрыкl,
къэзыгъхуэа анэм и гущIыIум
щIыгъэрофыщI, щIыгъэоукI.
ЦIыху нэпсеягъэр кьэп гъуэнэжьщIи,
зымкIэ ипIъхьар - йощрщ адреймкIэ!
Ахьмакьыр гугъуькъэ: и фIэщыпэу
ар хэтщ кьэп гъуанэр игъэнщIыну!
Нэхъыбэ. Нэжьыбэ ж. ЩIымычэу
кьищащэу... Арщхьэкlэ...
Хьилмы зиIэм а кьэп гъуанэжьыр,
теубжьыгъэнти, хьифIидзэжьынт.
Е, щымыхьужкIэ, идыжьынт.
ЦIыхур - аракъым. Ар зэлIалIэр,
абы игъэхъур - кьищэщIэрщ.
Кьэзыгъхъуренхь дахагъэм
и нэр щIысыкIыу - хьэфиз хъуатэм
апхуэдэ быныр!.. ЦIымыхьужкIи
хьэфизыр мэпсэу - бащIкIэ пIъэуэ...
Си нэм /Iы телъэдауэ, зыри
зымыпIъагъужыр - зи нэр кьаплъэрщ!
А кьаплъэнэфу щIыхукIэ зэдджэм
ипIъагъурэ - и хъуреягъ дахагъэр?
Дахагъэм и нэр хуэуфIыпIаэу,
ар зыхуэпабгъэр мыгъкурщ, дышэрщ.
ЩIыр магъ, /Iыуэу жэм хуэдизыбзэ
/Iынэпс щIигъэжу: анэр - анэщ,
быныр ахьмакъми. Къымыгъэжьми,
анэр и быным хуэгупIаин.
Ар зыщIэр - хэт?
Зы псалъэ гуапэм жыг дэгъагъэу,
зы псалъэ жагъуэм псыр дэгъужу,
щIыху губжьым пшэжьхэм зыпIыIадзу,
щIыху нэщхьым хьшхуэр нубIэрэкIыу,
щIыху щIыху зэрепIлъым елъытауэ -
гъэмрэ щIымрэ зэIэпыкIыу, -
куэдым я фIэщ пхуэщIын?
Куэд щIауэ са я псор зыхъэщIэрт.
А псор куэд щIауэ слъагъурт сэ.
Мис а зыхъэщIэр, мис а слъагъур.
сэ си кьалэнт - сэ кьэсIуэтэну.
А си кьалэнмэр нэмыгъэсу,
нухрэ - си гаухъгъ кьэсатэм,
сэ ар схуэхъунт жьыхьэнэмэ,
си мащэм сримыгъэзагъэу,
сигурн бэгынт, бэгынт Iуащхьэшхуэу,
гу кIэрыкьамэ, щхьэпридзэу.
Дахагъэм и сурэтыр
Си мурад щэхут куэд щIауэ.
Сурэтым епIлъым зэуэ
а псор зыхинщIэу, зэуэ
а псоми егупсысрэ -
езырри нэгъуэщI хъууэ:
нбэ Iуплъэмэ, нбэу
зыкъымыштытэжу;
сымаджэ Iуплъэмэ, и узыр
абдеж щыкIэрыхьуну;
бзагуэ Iуплъамэ, и бзэр
абдеж кьыщIуэтыпшыну;
абдежым щыщIэдзауэ
напэтехыр, дыхьэгъэр
цIыхухэм IэщIыб хуащIу,
мылъкум зыхъумагъэщхьыу -
щIы-анэм хуащIу щхьэщ;
зрамыгъэгъэхьэжьуэ дыщэм -
Iуныдж хуаIэу Дыгъэм;
псым зэхихьыу мыщхьдзу,
жьым ильагъуэ мыдадъэу,
махуэм фIыщIэ хуащIу,
жэщым игу хамыгъэщIу,
щIы-анэм Iэщ1Iэ хуащIу,
удз цIыкIухэм едэхащIэу,
псыр зэрыкъабзэу яхъумэу,
мэзыр ямыгъэсу,
хьэдзэм нэмыс /Iыгъэсу,
щIакъуэм пщIэ хуащIу,
Дахагъэм и Iуаэзу,
ФIыр я щIасэу,
зэхуэщабэ-зэхуэгъанэу,
зэгурыуэ-зэдаIуэу,
зэрыльагъу-зэхуэгумащIэу, -
ящыну я гъьагъэ.
ЩIымрэ щIыхьтхэрн, щIыхуэ
яIыгъуу фIэвдзэ щыр.
Ухунтщ сэ кьызэпщIэнум -
Сытми сыхуэхьэзырщ».

● Футбол

ЦСКА (Мэзкуу) - «Спартак-Налщык» (Налщык) - 2:1 (0:1). Мэзкуу. «Лужники» стадион. Жэпуэгъэм и 31-м. Щыху 4500-рэ ельэащ.

Судьяхэр КОВАЛЕВ (Тамбов), Навокшенов (Жуковск), Еровенко (Краснодар).

ЦСКА: Мандрыкин, Березуцкий В., Игнашевич (Таранов, 77), Григорьев, Ратинью (Янчик, 46), Алдонин, Рахимич, Жирков, Краснов, Карвалью (Джанер, 89), Жо.

«Спартак-Налщык»: Радич, Кисенков, Джудович, Ятченкэ, Шумейко, Костенко, Дзыхьмыщ, Къэжэр (Рикардэ Хесус, 75), Матич, Альварэ (Джэтэрывэ, 46), Узденов (Роденков, 62).

Топхэр дагьэкIащ:Къэжэрым, 5 (0:1). Жо, 56 (1:1). Карвалю, 74 (2:1).

Дагъуэ хуащIащ (17-нэ дакъ.) икIи джэгум къыхахуащ (76) Джудович.

Мы гъэм зэи къэмыхъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командар къэралым и кубокыр къэхьыным техуауэ екIуэкI зэхьэзэхуэхэм и финалым и Iыхьэ пIанэм нэсащ Арщхьэкlэ ар зи фIыгъэ ди щIалэгъуалэр абыкIи къызэтеувыIэну хуейтэкъым - зы лъэбакъуэ закъуэ яныкьфрэ финал ныкъуэм нэсатэкъуэ, спортым и мастер цIэр къыфIащынт. Ар дэтхэнэ зы спортсмЕным и дежкIи пъарэ щIащ. Абы папщIэ Мэзкуу щыкагъэщIэн хуейт иужьрей илъэсхэм Европэ псор зыгъэзджэзджэ Газзаевым и ЦСКА-р.

Къэралым и чемпионхэ хъуну зи гугъэхэр хэзыхьжа ЦСКА-м хэту джэгуплIэ губгъуэм кьиухьа Брэзилием, Урысей Федерацэм, Сербием, Польшэм я командэ кьыхэхэхэм щыджэгуэм «Спартак-Налщык»-м и щIалэщIэхэр япигъэуващ. ЩIхьэусыгъуэр - премьер-лигэм къыхэнэныкIэ бэнэныгъэ гуащIэ езыгъэкIэжI и футболист нэхъыбIхэм зариГъэгъэпсэхуну налшыкIдзэхэм я тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ мурад зэриIарщ. КьищыкнэмыщIауэ, ар иджыри зэ хэпIъэжьыну хуейт сыт щыгъуи игъэджэну Iамат зыхуихьажэр гугъу емыхьыщIэу ящIарщ. КьищыкнэмыщIауэ, ар иджыри зэ хэпIъэжьыну хуейт сыт щыгъуи игъэджэну Iамат зыхуихьажэр гугъу емыхьыщIэу я1эщIарщ. Джудович мыгъуэтхэм я зэфIэкIкIэ здынэсым. Дэнэт ар ЦСКА-м и деж нэхърэ зыныкъфIу щыIэхэзгъэкIыфрынур?!

Псори щыгугъауэ къыщIэкIынущ хэгъэрей цIэрыIуэхэм тепщэныгъэр яIыгъ зэпIуту зэIуIэр екIуэкIыну. Арщхьэкlэ ар апхуэдэу зэрыщымытынур пщIэщIэ дыдэу наIуэ хъуащ икIи «Спартак-Налщык»-мрэ Урысей Федерацэм и щIалэгъуалэ командэ къыхэхамрэ я гъуащхьэуэ Къэжэр Назир, жьжьэу щыту еурэи, етхуанэ дакъикъэм бжьгъэр къыззIуихащ!

Абы зыкIи пэмыплIа икIи хуэмызыхьэзыр ЦСКА-р Iэнкун хъуащ. ПсынщIагъкIи псэфмыблэжагъкIи ар хъщIэ щIалэщIэхэм кьапикIуэтырт. «Спартак-Налшык»-мрэ къэхжэныкIт Дзыхьмыщыр, Зуденовыр, Костенко, Къэжэрыр. Мэзкуудэсхэм я гъуащхьэхъумитI-щым ахэр гугъу емыхьыщIэу я1эщIыкIырт икIи щIэхьщIэхьырэ Мандрыкиным и гъэм еуэрт.

Ди гъэм къарущхуэкIэ къьбгъэрыкIуэну ЦСКА-м щIагъэтар и я1пэ Iыхьэр и кIэм нэблэгъауэщ. Ауэ абы къикIа щIыIэкъым.

Зыгъэпсэхугъуэ зэманым Газзаевыр и гъэсэнхэм гуащIэу зэрепсэлъэм щэч хэлъкъым. Арщхьэкlэ етIуанэ Iыхьэр нальшыкдэсхэм нэхъыфIу ирагъэкIыкIащ. ЖьыпIэну уриКъунщ топыр дагъэкIыну я1а Iэмалхэмкlэ хьэщIэхъуэр 5:4-уэ хъгъэрейхэм зэрефIэкIар. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы текIуэныгъэр кьыТхуихьакьым. Сыт щыгъуи хъэдзэр ар зи лажьэр ЦСКА-м щыджэгу Бразилием къэраша щIалэхэрщ

- псом хуэмыдэу зэIущIэ щIагъуэ къэмынэу топ кьытхудзэыгъэкI Жо. 55-нэ дакъикъэм абы бжьгъэр зэхуэдэ ящIыжащ.

Абдежми Iэхур щIэхакъым. Зэрысымэджам кьыхуэкIыу зыкъом щIауэ мыджэгуа икIи топ дзэы-мыгъэкIа Карвалю мы зэIущIэм кьыщыхэжаныкIри, ЦСКА-м текIуэныгъэр кьыхуихьащ.

Абы иужькIэ кIэщIу «Спартак-Налшык»-м и капитан Джудович етIуанэу дагъуэ кьыхуащIри джэгум кьыхахуащ. Дакъикъэ тIощIым нэблагъэкIэ нэхъ мащIэу къэнами, ди щIалэщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр нэхъ кIащхъэ хъуакъым. Iэмал хъарзынэхэр яIащ Джахтэрвэзм, Рикардэ, Дзыхьмыщым. Арщхьэкlэ языныкъуэхэм и деж хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым фIы дыдэу зыкъигъэпсэгъуащ, зэи топыр штангэм техуащ.

Арати, 1:2-уэ я къыхагъащIэри «Спартак-Налшык»-р Кубокым техуауэ екIуэкI зэхьэзэхуэм къыхагъэкIащ. Ауэ шэч хэлъкъым ди щIалэщIэхэр абы зэрипсыхьам икIи гъэ кьаКIуэ фIыкIэ узыщыгугъын футболистхэр зэрыдиIэр наIуэ къызэрытщищIам. Зэ1ущIэр иуха иужькIэ, командэм и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ къыхигъэщащ джэгум и етIуанэ Iыхьэр, топит кьыхудагъэкIа пэтми, налшыкдэсхэм нэхъ къазэрехьулIар, арщхьэкlэ я Iэзагъэр нэхъ зэрыльагэм кьыжьыкIу мэзкуудэсхэм текIуэныгъэр къызэрахьар.

Кубокым техуауэ зэпеуэм гъатхэм пищэнущ. Абы и финал ныкъуэм щыIэхэуэзэнущ «Томь» - ЦСКА, «Урал» - «Амкар» командхэр. Ди щIалэхэм я къару псори иджы премьер-лигэм и зэпеуэм трагъэкIуэщащ. Къэнэжа зэIущIитIым языхэзым ахэр Iэмал имыIэу щытекIуэн хуейщ, етIанэгъэ гуп къыщыкъом кьыхэнэн папщIэ.

Нобэ «Спартак-Налшык»-м хуабжьу мыхьэнэщхъэ зиIэ зэIущIэ Владивосток щригъэкIуэкIыщ. Абы «Луч-Энергие»-м къыщIипимыкIуэтмэ, и къуэрэ тэмэмыну. Армырамэ, псори зэлъытауэ щытынур Налшык щрагъэблэгъэну «Томь»-м щэкIуэгъуэм и 11-м иужь дыдэу зэрыджэгуну.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● БэнэкIэ хунт

Мэртэзей пелуанхэм я зэфIэкI

Тэрч куейм хыхьэ Дей (Мэртэзей) къуажэм щылажьэ «Дей» спорт школыр иужьрей зэманым районым и мызакъуэу республикэм щIрыIуэ щыхъуащ. Абы зыщыгъасэ ныбжьыщIэхэр я бжьыгъэм ильэс кьэс хохьэ. Абыхъэм я щIэр фIыкIэ щагъэГъэнлIкэм. УФ-м щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм.

АПХУЭДЭУ мы спорт школым и гъэсэнхэр хэтащ бэнэкIэ хунтымкIэ Ипщэ Федерал щIыналъэм и зэхьэзэхуэу иджыблагъэ Дагъыстанам щекIуэкIам. Зэхьэзэхуэм щыбгъащ спортсменэ 400-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхэхам хэту бэнащ «Дей»-м и гъэсэнхэу КIуантIэ Астемыр, Iэщыж Асльэн, Бэгъуэт Альберт (тренерыр Кьущхьэ Замирщ). Къуэжэм Мухьэмэд, Мэлбахьэуэ Сосльэнбэч (тренерыр Цыкьащ Анзорщ) сыкIащ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэр къыззрылытэр дэтхэнэмэ и щхьэзакъуэ екъуIэнэныгъэхэмкIэт. Абы ипкъ иткIэ КъБР-м бэнэкIэ зэхитымкIэ и командэ къыхэхам дышэрэ дыжьыну зырыз, жэуэ медалиплI кьихьащ.

Килограмм 38-рэ зи хьэлъагъхэм я деж пашэныгъэр щиубыдащ КIуантIэ Астемыр. Хъарзынэу зыкъигъэлъэгъуащ епIанэ увыпIэр къэзыхьа Къуэжэм Мухьэмэд.

Астемыр Дей къуажэм и курыт еджапIэм и 9-нэ классым щоджэ Мухьэмэди хуэдизу, абы ильэс хъуауэ зышегъасэ «Дей» ДЮСШ-м. Тренерхэм зэрыжаIэмкIэ, щIалэ цIыкIуэхэм зэфIэкI хъарзынэхэр къагъэлъагъуэ, нэхъыбэкIи ящыгугъ хъунущ. КIуантIэ Астемыр ирагъэкIа къыфIащащ спортым и мастерым и кандидат щIэр.

ЗыкIи нэхъ машIэкъым КIуантIэ Къантемыр и ехъулIэныгъэр. Ар УФ-м и командэ къыхэхам хэту щыбэнащ Брест къалэм щекIуэкIа я1пэ Евразие джэгуэм. Езы джэгуэр спорт лIэужьыгъуэ щIыIу туэщат.

ЛIэужьыгъуэ кьэс зэхьэзэхуащ Европэмрэ Азиемрэ я къэралхэм кьикIа спортсменхэр. Урысей Федерацэм и командэм спорт лIэужьыгъуэ кьэс гуп зэхьэзэхуэхэм я1пэ увыпIэр къыщихьащ.

Бэнэкlэ хунтымкIэ килограмм 73-рэ зи хьэлъагъхэм я деж КIуантIэ Къантемыр пашэ щыхьащ икIи зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр, кубокыр, дипломыр къратащ.

Къантемыр Дей къуажэ школыр кьнуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралым щэкIуэ академиемкIэ щоджэ. Бэнэкlэ хунтымкIэ спортым и мастерым и кандидат. Къантемыри Астемыри УФ-м и командэ къыхэхам хэтщ.

Дапэкlэ зэфIэкI хъарзынэ къызыгъэльагъуэ спортсменхэм я гъуэгур зэIухащ бэнэкIэ хунтымкIэ УФ-м щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм хэтыну.

КьищыкнэмыщIауэ, абыхъэм щIэнэмыщIауэ зиIэ зэпеуэ зыбжанэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Олимп чемпион Ярыгин Иван и щIэкIэ щокIуэгъуэм Мэзкуу щекIуэкIынур. Дышыгугъынщ ди лъахэгъуэм абыи екъуIэныгъэфIэхэр щызыIэрагъэхьэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Тэрч куейм.

● Бжьыхьэ зыгъэпсэхугъуэ

Ныбжьыщlэ мини 5-м нэс

Гъэ еджэгъуэщIэм и я1пэ Iыхьэр къезыхьэлIа ныбжьыщIэ гуп дыгъуасэ Абхъазым и утым деж щызэхэсри, махуи 10-кIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэну ежьащ. Кавказым и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм и лъапэм зыщызыгъэпсэхну щIыкIу 210-р нэжэгужэт, нэгъабэ щыIа сабий яхэтри, етIуанэу зэрыграгъэхьэрэм дрэжэгъуэ кьариту гъуэгяуэхуаэм я гукъыдэкIыжькIэ ядгугъащIэрт.

БЖЬЫХЬЭ зыгъэпсэхугъуэм республикэм ис сабийхэм яIэну гульытэм, школым къызэраутIыпща пIалъэр зэрагъэкIуэну щIыкIэм теухуауэ ялэжьыр къэтщIэн мурадкIэ, Социальнэ страховани-кIэ фондым дыпсэльати, а Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ Бэрокъуэ Ахьмэд дыщигъэзэгъуэщ.

- ЦIыкIуэхэр къызэрауТIыпща махуи 10-м ди республикэм и зыгъэпсэхупIэхэм зыщедгъэзгъэпсэхуну ди мурадщ, - жиIащ Бэрокъуэм. - Зи адэ-анэр, е тIум языр къэралIэнатIэ зэрытуладжь, жэрдэм зиIэ ныбжьыщIэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ, Налшык кьалэ дзэ «Iэгъэпшкъуэ, «Гъуазэ» санаторэхэм дгъэхIуэнущ, апхуэдэуи школ пщIантIэм кьыщызэрагъэпэща махуэрыдажь лагерхэм щыIэнущ. ЗэрыхуэдгъэфащэжьмкIэ, мы зэманым сабий мини 5-м нэс зригъэзгъэпсэхунущ фондым.

НЭЩIэпыДжэ Замир.

● ПсэупIэ-2007

Хабзэм фытетмэ...

УФ-м и МЧС-м и Ипшэ щIыналъэ центрым и унафэкIэ фокIадэ мазэм Налшык къалэм къэрал мафIэс кIэльыпIэныныгъэмкIэ и къудамэм иригъэкIуэкIащ «ПсэупIэ-2007» зыфIаща профилактикэ лэжьигъэм и етIуанэ Iыхьэр. Ар теухуат Налшык и псэупIэхэр мафIэсым щыхъумэным, щыхуэхэр мафIэс къэмыгъэхъуным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм щыгъуазэ щыным.

КЪЭПЩIЭТЭНЫГЪЭ ХЭМ къагъэлъэгъуащ мафIэсым зыщыхьэмэныкIэ хабзэм къемызэгъ Iуэху куэд зэрыщIыр. МафIэсгъэзэнкIыфIхэр нэхъ зыгъэпIейтейхэм ящIущ1 щыт куэду зэтет псэупIэ, лэжьапIэ унэхэм мафIэсым зыщыхьэмэныкIэ хабзэхэр зэрыщамыгъэзащIэр. Кьапщтэмэ, кьат куэду зэтет унэхэм щыпсэухэм гъущIыбжэкIэ зекIуапIэхэр зэрыбидэ, ильэпIуп лейхэр щыIэ. Хагъэуэрри зэблэкIыпIэ бгъуэтыркым. МафIэс къэхьумэ, Iугъуэ Iувым е мафIэ бзийм къыззрыгуэкI щыхьэпIэкIэ ущызекIуэну Iэмал имыIэмэ, балконхэр пкIэльейхэмкIэ зэпыпIэуурэ цIыхуэхэр къащIэпшыфынукым, сыту жыпIэмэ псори дэщIеящ. Езы унэхэм уекIуэлIэнри тынщхьым, бгъэдыхьэпIэхэр бетон блокхэмкIэ ягъэбыдэри. Офис зыбжанэу зэхэт унэхэр къапщтэмэ, дэтхэнэмэ лыысыр щхьэхуэу гъущI зыхарэмкIэ, бжэхэмкIэ пигъэщхьэжхIащ, щхьэж зэрыхуейуэ егъэбыдэри, хуей хьужыкIыуэмэ, зы кьатым уикIыу адрейм укIуэфынукым. Апхуэдэ щIыкIыкIэхэм ящIэнкIэ щIыкIэ зэрыгъэгъэ щIыгъэ. Абы щIыгъуэ, 3-р машинэхэм кIэщ.

Зи гугъу тщIа зэкIэлъыкIуэныгъэхэр щынэрылъагъущ Эльбрусскэ эрамым тет 1, 1-А, Щоджэнщыкым и уэрамым тет 40, 42-нэ, 44-нэ, Фурмановэмрэ Чернышевскэмрэ тет псэупIэ унэхэм. Дауи, апхуэдэ щытыкIэм итыр а унэхэм я закъуэкым, ахэр щапхъэ я кьудейщ. Апхуэдэу мафIэсым зыщыхьэмэныкIэ хабзэр кьыщыдэпауэ Налшык къалэм и хьэблэ псоми.

Налшык къалэм къэрал мафIэс кIэльыпIэныныгъэмкIэ и къудамэм къалэдэсхэм IкIи зыхуэзащIэ мафIэсым зыщыхьэмэныкIэ хабзэм тетыну. МафIэсгъэзэнкIыфIхэр псынщIэу кьэсрэ техникэр хуиту яГъэувмэ, мафIэсым цIыху гъащIэ куэд кьрагъэлъэфынукъым.

Налшык къалэм къэрал мафIэс кIэльыпIэныныгъэмкIэ и къудамэ.

Статистикэм къызэригъэлъэгъуэмкIэ, гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжа пэужь, сабийхэр зыхэхуэу гъэзгу насыпышащагъэхэр нэхъыбэ мохьу.

ДЫЗЭРЫГ илъэсым и мазэ 9-м Налшык къалэ округым и 3-нэ ОВД-м и ОГИБДД-м и пэIэм щIэт «Стрелкэ», «Александровкэ» хьэблэхэм гъэзгу насыпышагъэу 7 кьыщыхьуати, сабийуэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Си хъуреягъкІэ

Иджыри сигу тезгъэзэгъакъым

Апхуэдэ щІыІэуз хьэлэчи хэт иулъагъут, иУэт апхуэдэ сымаджэкІи - зызыфІэсІуэнтІыкІыу сытелът тхыцІэкІэ, силыгъуэрт, сыхисхьапэрт пТъыржъэрыгъэйм хъыжъпІыжь сыкъэхъуауэ. Си хъуреягъыр хуэм-хуэмурэ сфІэкІуэду хуежьат!

Абдежьм, гъащІэмрэ лэныгъэмрэ я зэпытыпІэ а сыкъыщыхутам, жьжьэ къиУкІ макъ дэгу гуэр къыщыхъхьзох. СедэІуапэмэ, апхуэдизкІэ ІуэсхІэ бэлыхьыр щысшъча мы дунеижьыр, сыІэщІэкІ и гугъэри гужьеІуэ, и къару къызэрихькІэ къэкІийрт: зэ фымыпІащІэ, сэ абы иджыри сигу тезгъэзэгъакъым!

Зэгуэп

Щыхум хуэпщІар игу къэбгъэкІыжьыну, абы утепсэлъыхьыжьхъэну инкІагъэщ. Ауэ ар пщогъупщэ, а хуэпщІар зэрыхуэпщІам ухущІрагъэгъуэжмэ. Апхуэдэ гуэр къыскъщыщІауэ сыщыст, сызэгуэпу. КъызыщІэздзыжьрэ, си гупсысэ-губжьхэм тхьэ щысІуэрт абы си фІагъ игъащІэ псокІэ езмыгъэкІыжьну...

Абдежьм си нэр хуоэз ди адэм хисауэ пщІантІэм дэт дэшхуэнщхуэм. Сыт хуэдиз удын кьытехуэрэ абы итъэс къэс, къыпныкІэ дэр зригъэзшхэм къытрадзэу? ИтІанти мы гъэ гуэрым ар къэщхьэпат, и дэ купщІафІэхэмкІэ аргуэру абыхэм етэну!

Делэмрэ губзыгъэмрэ

Зыгуэрым и къуэш делэр дезыщым ишат яритыну. Нэсхэри, губзыгъэр гъущІ куэбжэ ІьаГэм еІэу уващ Іуихыну. Зи хуІухьртэкъым: елащ - ІукІакъым, елащ - ІукІакъым, аргуэру елащ - ІукІакъуэм!

Щымыхьхъхэм, делэр къэпсэльащ:

- Мо щІыІу пТъыжь щыкІу хуэдэ хэгъэбыдам текъуэзт...

Къуэш губзыгъэм абы жьхуиІам трикъуэзри, гъущІ куэбжэ абрагъуэр Іэуэльащхуэ ищІу къыззІужащ.

Делэмрэ губзыгъэмрэ я зэхуакъ блын дэткъым.

Ущие

- Уузыншэщ, уи къару илъыгъуэщ, итІанм.., - жезмыІэ щымыІэу согие нэхьщІэжм. - Бетэмал, а уэ уи ныбжьым иджыпсту сэ сыкъыхуэжами, пльагъунт сщІэр!

- ІтІи, сэ си ныбжьым унтакъэ уэ, щхьэ умышІарэ? - Абы щыгъуэ а уи щхьэм иджы итпым хуэдизщ сысеймми илъар.

ХЬЭХ Сэфарбий.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5**. УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ щыта. **7**. Сирием и Плыхьужь, Дамаск и уэрам нэхъ дахэхэм яІщыщ зым зи цІэр эзрихьэ адыгэлі. **9**.ЩІымахуэм щІыпІэ хуабэхэм льэтэж къуалэбзу пІащэ. **11**. Хуабагъ-щІыІагъэр къызэрапщ хьэпшапым ирапхьэ гъущІхэкІ тхІыаткІуэ хьэлъэ. **12**. ГъуІ щІэкІ лъапІэм къыхэщІыкІауэ щІыхубзэм и пщэм ирапхьэ хьэпшып. **13**. Урыс усакІуэщхуэ Лермонтов Михаил и поэмэ. **15**. Льэпкъ кэдым я Іуэрыіуатэм угъурлыуэ, Іущу хэт. Зэрыпсэкуэу жэнэтми яфІэкІуауэ жаІэ. **16**. Си псэм хуэдэ, си нэху, дыгъэщыгъэ къикІыу нэхъыщІэхэм зэрызэ- хуагъазэ гъэфІагъыбзэ. **17**. Щоджэнцыкіу Алий Тырким щитха усэ цІэрыІуэ. **18**. Зи бзэр кІуэда, адыгэ лъапкъ. **23**. Уафэрэгуагъуэмрэ уафэхъуэпскІымрэ я тхьэ. **24**. Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь адыгэлі, колхоз пашэм и тхьэмадзу щыта. **25**. Къэрэшей-Шэрджэсыр зи хэку, бзэкІэ адыгэхэм, абхъазхэм ди гъунэгъу лъапкъ. **29**. Кавказ Ищхъэрэм щежэх псы. А цІэр КъБР-м и куейми и кьалэмэ зэрехьэ. **30**. Премьер-лигэм хэт командхэм щыджэгуу футболымкІэ Урысей Федерацэм зыбжанэрэ и чемпион хьуа адыгэ щІалэ. **32**. Епщыкіубгъуанэ лІэщІыгъуэм псэуа франджы композитор цІэрыІуэ. **35**. Іуэрыіуатэм къызэрыхэщыжьмкІэ, жжькІэ щыІэ адыгэ лІыхьужь. **36**. Щхьэгъусэ ящІыну мурад зыхуащІа пщащэ. **37**. Шэджэм куейм щыІэ къуажэ. **39**. Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ и артисткэ, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ. **40**. Нэм хуэдизу яльагъу. **41**. Джатэм и лъэпкъэгъу Іэщэ. **42**. Щынафэм кхыхащІыкІ адыгэ пыІэ.

Къехьу: **1**. КІыщокъуэ Алим и драмэ. **2**. КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ. **3**. ИльэсбілкІэ (1460 – 1467 гъэхэм) Мысырым и пащтыхьу щыта адыгэл. **4**. Алфэчэ Бырымыкьуэ я къуэ нарт лІыхьужь. **6**. Нало Заур и тхьилъ. **8**. «Хьуэхъу», «Жьэгу пащхьэ», «Дунейжь», нэгъуэщІ тхьилъ хэри къыдэзыгъэкІа адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ. **10**. Псалъэхэр уэрэду щыжаІэ, пшынальэкІэ гъэпса пьесэ. **13**. Шылэ. **14**. Къэжэр Хьэмид и тхьилъ. **17**. Щыгъэ лъапІэ сыт хуэдэхэр къызыхащІыкІ пкъыгъуэ. **19**. ЩІыхуэхэм я зэхуэдитыкІэн хуейм я псэукІэмрэ теухуауэ ижь-ижьыж льандэрэ кьадэгъуэгурыкІуэ дуней тетыкІэ. **20**. ПщІыІэ. **21**. Зи мыІуэу зезыхьэхэм и щхьэм щытехуэ къоХу. **22**. Лъэпкъ къэс зэрызэпсалъэу езыхэм яІурылъыж. **26**. Тэрч куейм щыІэ къуажэ. **27**. Нало Жансэхэу и лъэсэ. А цІэр зезыхьэ Іуэрыіуажи щыІэщ. **28**. Азием щыІэ жэрыгъэ. **29**. Псэущхьэхэр, псом хэмыдэу шы къызэрауубыщ кІапсэ. **33**. СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Нагушык и «Спартак», Москва и командэ зыбжанэм, СССР-м и футбол къыхэха командэм щыджэгуа, тренеру лэжьа адыгэл. **34**. Макъэм къызэрыкІ Іэмэпсымэ. **35**. ЩІым къыщІэж псы хущхьэуэ. **38**. Адыгэ генерал. **39**. ЩхьэгъусэуэкІи шІагъэщІэу хьэгъуэлІыгъуэ зращІэкІ щІалэ.

Зэхэзыльхьар
УЭРШ Нурхьэлийщ.

Жэпуэгъуэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **7**. Къыргъакъ. **8**. Іэнлъэ. **9**. Бжьыхьэ. **14**. Шапсыгъ. **15**. Кьыр. **16**. Налмэс. **17**. Дыку. **18**. Шэд. **19**. Кьэдабэ. **23**. «Динамо»-**25**. Пэкъум. **27**. Гуэбэн. **28**. Дыхьэгъ. **30**. Пэкъуэ. **31**. Псынэ. **32**. Хьэкъурт. **33**. Абрэдж. **36**. Іэжьгэ. **37**. Хьэбзэ. **39**. Адакъэ. **41**. Пьахъщ. **44**. Мыжуръ. **45**. Аргъынэ. **46**. Быж. **47**. Иб3. **48**. Мелуан. **51**. Пэу. **53**. Шыбжий. **55**. Ныбгъуэ. **56**. Пщагъэ. **57**. Штачу.

Къехьу: **1**. Урыс. **2**. Къуаргъ. **3**. Хьэлтъкъ. **4**. Пльыр. **5**. Бжьын. **6**. Щхьэл. **10**. Батэрэз. **11**. Щхьэрыбб. **12**. Пшэрыхь. **13**. Къэрмэкъуэ. **20**. Бо. **21**. Шындзбзий. **22**. Джэдхъурсанэ. **24**. Ин. **26**. Мастэ. **27**. Гузныкъ. **29**. Гъыбзэ. **30**. Пшэплъ. **34**. Къуэныкъуей. **35**. ПхьэнкІий. **38**. Балыдырэ. **40**. Алабгъэуэ. **42**. Хур. **43**. Ер. **49**. Урыку. **50**. Нэгъуд. **51**. Пэщэ. **52**. Уагъэ. **53**. Шатэ. **54**. Брул.

● Щыкіуэхэм папщІэ

Дыгъужьым и кІуэдыкІар

(Таурыхъ)

Зы мэл, зы бжэн, зы ажэ хъуакІуэ кІуат. Мо хьуныфІым хэту шхэм-шхэуурэ, бжэным зигъэнщІащи, мэлым жреІэ:

- Уа, мэ л, си ныбэ из хуащ, унэм дыгъэкІуэж. Мэлым зигъэнщІакъыми, жэуап кьет:

- Ей, бжэн, уэ пшхыфыр мащІэ тІэкІуп. Аращ уи ныбэ из хъуауэ щыжьыпІэр. Сэ сшхар иджыри си ныбэм и ныкъуэм къэса къудейщ. ЗызгъэнщІыху кьызэжьи, зэгъуэзэу дыкІуэжьинщ.

Бжэным абы гъпЛъм имыдэу кьежьэжащ. КьызідэкІуэжьым псым кьикІыжьну лъэмыжьым кьытехьауэ, абы и лЬабжьэм кьыщІэжІри, дыгъужьыр кьыпэуващ.

- Дэнэ укъыздикІыжьыр, бжэныжь цІыкІу?

- ХьуакІуэ сыкъокІыж, зиусхьэн дыгъужь, - жеІэ бжэным, шынагъуэм зэщІиубыдауэ, хуиту мыпсэлъэжьыр у.

- Сыт атІэ а птетхэр? - жи дыгъужьым.

- Бжьакъуэщ, си бжьакъуэ цІыкІуэрщ... Сэ абыхэмкІэ сыпыджэсфыркъым, - жуэап ирет бжэным.

- АтІэ апхуэдизу щхьэ укІэзызэр? - жеІэ губжьауэ дыгъужьым.

- Сыпшхын... сфІощІ..., сфІощІри...

Адэкіэ жиІэнум пэмыплъэу дыгъужьым «кІыпІ» жиІэри бжэн къьэмыщкІэр зэрыпсэууэ зыуриздзащ.

ХьупІэм кьыхэна мэлыр фІыуэ хуэдизу, хьуакІуэри, иджы зызэгъэнщІакъэ щыжиІэм, дежи макІуэ:

- Си ныбэ из хъуащ, дыгъэкІуэж,-жи.

- Сэ срикъуакъым, мы хъун бзэгъуэм дыхьымыригъэкІыж, - кІыжьреІэ ажэм. - КьыкспэпІэ, зэгъусэу дыкІуэжмэ нэхъыфІщ.

- Си закъуэ сымыкІуэжьыфым хуэдэ, сыт сыщІыппэпІльабжьэм кьыщІэжІри, дыгъужьыр кьыпэуващ.

Льэмыжьым кьызэрысу абыи кьыпоув дыгъужьжьыр.

- Уи кІапэ дэуейуэ дэнэ укъикІыжрэ, мэлыжь цІыкІу? - кьоупщІ ар.

- ХьуакІуэ сыкъокІыж, зиусхьэн дыгъужь, - жэуап кьет мэлым, Іейуэ зэрышынэр пльагъуу.

- Сыт а уи щхьэм тетхэри? - кьыщІогубжьэ дыгъужьыжьыр.

- Си бжьакъуэжь цІыкІуитІ мыгъэ зращ, - жи мэлым, гужьеІуэ.

● Псалъэжьхэр

ХамэІэкІэ шыпсыранэ епщІэ

❖Дыгъужьым мэл зыфІнхьынур и пыІэ щыгумкІэ къещІэ.
❖ Жьым тесу псым йопыдж.
❖И лъэкІым нэхърэ и гугъэр нэхъыбэщ.
❖И псалъэ мылым тетхащ.
❖ ХамэІэкІэ шыпсыранэ епщІэ.
❖ЦІыху акъылынщэрэ мафІэнщэ жьэгурэ.
❖ ЦІыхуфІ гъэпцІэгъуафІэщ.
❖Іущ и акъыл и гъуэмылэщ.

● Нэщэнэхэр

ХъумпІэцІэдж абгъуэ пкъутэмэ...

●Уи Інтї зэхуакум укъыдэпльыну фІыкъым.
●ЦІыху зыщІапсэу унэм бел ираупсейркъым.
●ЩІхьэц налъэ ижьымкІэ къыщІесхымэ, хъыбарыфІ къыпІэрыхьэнущ.
●Шыуаным щІали хъыджэбзи ирагъэшхыкІтэкъым, и фызышэр уае мэхъу жаІэрти.
●ХъумпІэцІэдж абгъуэ пкъутэмэ, уэлбанэ мэхъу.

Псалъэ

ЩІэпуэгъуэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **7**. Къыргъакъ. **8**. Іэнлъэ. **9**. Бжьыхьэ. **14**. Шапсыгъ. **15**. Кьыр. **16**. Налмэс. **17**. Дыку. **18**. Шэд. **19**. Кьэдабэ. **23**. «Динамо»-**25**. Пэкъум. **27**. Гуэбэн. **28**. Дыхьэгъ. **30**. Пэкъуэ. **31**. Псынэ. **32**. Хьэкъурт. **33**. Абрэдж. **36**. Іэжьгэ. **37**. Хьэбзэ. **39**. Адакъэ. **41**. Пьахъщ. **44**. Мыжуръ. **45**. Аргъынэ. **46**. Быж. **47**. Иб3. **48**. Мелуан. **51**. Пэу. **53**. Шыбжий. **55**. Ныбгъуэ. **56**. Пщагъэ. **57**. Штачу.

Къехьу: **1**. Урыс. **2**. Къуаргъ. **3**. Хьэлтъкъ. **4**. Пльыр. **5**. Бжьын. **6**. Щхьэл. **10**. Батэрэз. **11**. Щхьэрыбб. **12**. Пшэрыхь. **13**. Къэрмэкъуэ. **20**. Бо. **21**. Шындзбзий. **22**. Джэдхъурсанэ. **24**. Ин. **26**. Мастэ. **27**. Гузныкъ. **29**. Гъыбзэ. **30**. Пшэплъ. **34**. Къуэныкъуей. **35**. ПхьэнкІий. **38**. Балыдырэ. **40**. Алабгъэуэ. **42**. Хур. **43**. Ер. **49**. Урыку. **50**. Нэгъуд. **51**. Пэщэ. **52**. Уагъэ. **53**. Шатэ. **54**. Брул.

● Хъуэхъуэр

АНЭШХУЭМ ЖЕІЭ

Уэгэрхэ Алимрэ Иуанхэ Иринэрэ я насып зы къуэуэ я хьэгъуэлІыгъуэщи, нанэ Іумахуэр яхуохьахьуэ:

ФІыщІэу слъагъу си Алим! Си псэу Иринэ!

Фи махуэр дыгъэпс зэпыту, фи уафэр кьащхьэрэ фи щІыпІэщ щхъэнтІэу, фи псэр зы чысэм илъу, фи гъащІэр гуфІэгуъэрэ дэрэжэгъуэкІэ гъэщІагъэ фыкъуэпсыбэу, фынасыпыфІэу ильэсищэ къзвгъэщІэну сыфхуохьахьуэ!

УЭТЭР Нусэ.

Щэкіуэгъуэм и 3-р Прохладнэ куейм хьыхьэ Псыншокьуэ кьуажэм щыпсэу Къэрэшей (Гувэжькъуэ) Хьэнщэт Чащэ и пхьур кьыщалъхуа махуэщи, дохьуэхьу.

Зыхуэдгъадэ щымыІэу фІыуэ тлъагъу, пщІэ зыхуэтщІ щхьэгъусэфІ, анэ гу щабэ, анэшхуэ Іэфі, щыкъу анэ щыпкъэ! Ди уущякІу э, чэнджэщэгъу Іущым, щабэм, гуапэм, уи узынщагъэрэ уи гуащІэрэ мыкІуэщІу, дэрэжэгъуэ уиІэу, быным, абыхэм я щІэблэм я насыпым уи псэр, игъэгуфІэрэ уи гум ёхуэбыІэу, гъащІэм ту щыпхуэрэ абы и Іэфыгъэ псори зыхэпщІэу куэдрэ укъыт - щхьэщытыну дыноХуэкъу. Уи ныбжь нэсу пенсэ ykIуами, умытІысыжауэ, узыхэт гуплым пщІэрэ нэмысрэ къыпхуащІу уолажьэри, узынщагъэрэ дэрэжэгъуэрэ уиІэу у куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу!

Уи щхьэгъусэ Хьэбас, уи бынхэу Мадинэ, Анзор, Альбинэ, уи малъхьэхэу Борисрэ Альбертрэ, уи пхъурылъхуэхэр.

● Тепльэгъуэхэр

ХьэтІохьэщокъуэ ХьэтІохьэщыкъуэ и хадэм.
2007 гъэ, щэкІуэгъуэм и 1.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Кхъуей

МащІэу кхъуейм гъэхьэзырыкІэу тІу иІэщ. ТІум щыгъуи шэр псынщІэу пщІэн папщІэ, лъатэпс кьагъэсэбэп.

Лъатэпсыр зэрагъэхьэзырыр. Іэшыр зэрахъкІыу, и лъатэр кьрахри, яГэкъабзэ, яТхьэщІ. ИтІанэ Іэбжьыб из щыгъу иракІутэ. И щыІымкІи щыгъу щахуэри, дыгъэм е жьгъум щагъэгъу. Ар гъуа нэжьщ, щэжьпс зэрыт кхъуэщыным е нэгъуэщІ хьэкъущыкъым иралъхьэ, фІыуэ хэпыпсыхьын папщІэ.

Ялэ хэхьыкІэр: МащІэу яГэкъуэба щэм (градус 40 хуэдиз) лъатэпсыр хакІэ (зы щэ литрым зы бжэмышхьыхуэ хуэдэу). ЗэлащІэри, дакъыкъэ зыбжанэкІэ хуабапІэ щаІыгъщ, и щхьэр теПлаУэ. Щэжьпсыр кхъэзэрыщІидзу, кхъуэлэр Іэмкіэ зэхуэдизурэ, хуэмурэ яхуэ. ТІэкІу зэрубыда нэужь, пхъэбгъу щІыкІу траЛъхьэ, аргуэру яхуэ, щэжьпсыр кьанэ щымыІэу кьыщІакъуэыкІыху. Кхъуейр, зэрыхуейкІэ, е пЛимэ, е хъуей ящІ. Щыгъу тракІуэри, сыхьэтн 8-10-кІэ щагъэлъщІ. НужькІэ аз Іыхьэ-Іыхьэу (грамм 300-550) зэпаупщІри, кхъуэщІныпышхуэм е чейм ираЛъхьэ. Абы щІакІэм щыгъу зыхадза, кьагъэхьэуалъэу агъэуапщІыІужа щэжьпсыр. ЗыфІэфІым абы бжьыныху хелъхьэ. Абы кхъуейм мэ гуакІуэ иІэ ещІ. Чейм из хьуа нэужь, и щхьэр трапІэри, хьлъэ гуэр траЛъхьэ.

ЕтІуанэ хэхьыкІэр: Шэ щэмыхур кьэпщтыныи нагъэбдагъэ. Хуэмрэ и гъпэхэмкІэ лъатэпсыр хакІэ, нужькІи зэман-зэманкІэрэ кьпащэ, кхъуэ хужьыр щэжьпсым кьырихьеиХункІэ. Ар чынчылкІэ кьыхах, кхъуэанэм ираЛъхьэри яГэкъжщІ. ИтІанэ хьэкъущыкъу куу ираЛъхьэ. Щэжьпс хуабэм щыгъу фІыуэ хадзэри, абы щІакІэж. И щхьэр трапІэжри, зы-жащ маХуэкІэ хагъэльщ. ИтІанэ кьыхахьжри, жьэгукІэ яГэгъу.

Кхъуей лъалъэ ящІын папщІэ, ищ хьэкъуалъэ щху е щэжьпс гуащІэ дыдэ хакІэ. Серчэкіи пщІы мэхъу. Щэжьпсым кхъуэ ящІыхьеиР чынчылкІэ кьыхах.

«Адыгэ щхьинхэр» тхылъым кьитхьжащ.

● Къуажэхъхэр

Дзэ уз зымыщІэ

●Вагъуэм зэпымыууз пщІ къытрелъафэ, трелъэфыж.
●Гъуэгу нэшэкъащэрэ лы Іыкъэ пшэрэр.
●Гъудэ щхьэхуэлажьэу, кьилэжьыр кьызыІах.
●Дунейм тет псом я нэхъ жэр.
●Дэз уз зымыщІэ, дзэ куэд зыІут.

Жэуапхэр:

Нэ, нанэ, Бэрэ хэчІалъхьэрэ-хэлэ, бжьэ, ІУ, Іахьэ.

● ХъыбарегъащІэхэр

Дзэм къулыкъ щызыщІэну хуейхэм гу зылъатапхъэ

Нэгумэ Шорэ и фэепІу Налшык къалэм щагъэувынум и проект нэхъыфІ зэхэлъхьэнымкІэ зэпеуэ зэІухауэ 2007 гъэм и пакъыгъэ мазэм зыщІидзам адэкІи пещэ. Проект лжьэшгъэхэр изобразительнэ гъуэзджэхэмкІэ Музейм махуэ къэс къыщыІахынущ 2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 15-м нэсыхукІэ.

Уущ1упщІэ хъунущ мыпхуэдэ телефонхэмкІэ: 42-70-36; 42-37-18.

НапэкІуэщІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ И Изэщ.

Ди газетым и къыкІэлыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щэкІуэгъуэм и 7-рщ.

Редактор нэхъыщІхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщІхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУЭДЖЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхущхьэкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм я должжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэжкІэ, спортымрэ пресмэхэмкІэ - 42-22-88; епхъджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; здэсІкІыгъуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм и пэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынир и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ечы КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту яГуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ГэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхьэ и политрафосмотриз, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэмыхэщ: жэуап зыхь **секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эльдэ, редактору Ныбжьк Таисэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1,2-нэ нап.),* **Табыш Динарэ** *(3,4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэпІыкъуэгъэ Пуан Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ:* **Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтыщІ* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэ уэрыщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъуэм сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №3119

● ЖьІэгъуэхэр

Губжьым ушэсу хасэ умыкІуэ

♦Аслъэным номин ныбжьэгъу ищІыркъым.
♦Бззэрыи зеубгъу, губгъуэм зехуэ.
♦Гугъуэц къэралыгъуэ бухуэну, ауэ пкъутэну ухуежьэмэ, къъуэщІ щыкъуейуэ мэтъалъэ.
♦ЖьантІакІуэ куэд имыкІу.
♦Мыгъуагъэр уафэгъуагъуэ уэшхыр; ищхьэмкІэ къыщожьэри, кьрелъэсэх.
♦Псы Іуфэм щыпсэуухэни, есыкІэ зымыщІэ кьахокІ.
♦Псалъэ Іэфыр фо кІадэ пошаЧ.
♦ Хуэмыхум иІэт гъунэгъуитІи, лъатэуитІыр зыкІи зэмыщхьыхьт: игъэукъуеят къулейм хуэзыщэр, адрейм кьытекІэжат ежьжьэ.
♦Хьилагъэр щытепщэм, тхьэмыщкІэр щыкъуэщ.
♦Губкъым ушэсу хасэ умыкІуэ.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● ГушыІэ

Си давленэр дэзыхуейр щыІэжкъым

ЗЫГУЭРЫМ давленэшхуэ иІэу дохутырым я учетым итт. Мазэм тІэу-щэ кІуэурэ и давленэр иригъэпщыну. Езыр мыкІуэмэ, дохутырхэр кьакІуэурэ япщыт. ХущхьэкІэ кьыхуэбзэрыгьыртэкъым.

Ауэ сымаджэр дохутырым мыкІуэж хьуаш. Тхьэмахуэ, тхьэмахунтІ, тхьэмахунш дэкІаш, сымаджэм хьыбар иІэкъым, кІуэркъым и давленэр иригъэпщыну.

- Мыр лЛами тщІэркъым, зыгуэр кьыщымыщІамэ, зыкъыдигъэщІэнт. КІуауэ пльэн хуейщ! - жиІэщ дохутыр нэхъыщхьэмэ, и кьуэдзэр игъэкІуащ давленэр кьыззрипщынымрэ мастэ хиІунухэмрэ иЫгъыщ.

Дохутырыр пщІантІэм дыхьэмэ, сымаджэр бжэІупэм Іусщ. Сэламыр зэфІэкІри, дохутырыр дыдэм сымаджэм еупщІащ:

- Сыт уэ уиэмыкІуэу, дэ ды-къыщІэбгъакІуэр? Уэращ зи щхьэ хуэсакъыжьи хуейр!

- СыныщІэкІуэн щхьэусыгъуэ щыІэжкъым, лажьэ симыІэу сыузынщэ, - жиІащ сымаджэм.

- Сыт щхьэкІэ, уи давленэрщэ?

- Къехуэхьжащ!

- Сыт епщІу?

- Давленэ къызэзыт си щхьэгъусэр щыІэжкъым, - жиІащ ІЫм.

- Адыхьэм укІэлъигъэпсэу! - жиІэри дохутырым кьигъэкІэрахьуэри кьыдэкІыжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.